Пщэдей Къурмэн хьид махуэ лъапІэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪУДОКІ

№95 (23.909) ● 2019 гъэм шыщхьэІум (августым) и 10, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Иджырей тхьдэ

Путин Владимир и илъэс 20 гъуэгуанэр

КІуэкІуэ Валерий и гъусэу. *2001 гъэ*

АЗЭМАНЫМ къыщыхъуахэм теухуауэ куэд тхужьІэфынущ. Къыщыщідджэнщ Іуэхухэр егъэлеяуэ зэхэзэрыхьауэ икІи хэплъэгъуэу щыщытэ лъэхъэнэм мы цІыху теІыджэм ипэжьпІэкІэ хузэфІэкІам. ИпэкІэ Урысей Федерацэм и Президенту щыта Ельцин Борис и къулыкъур хузехьэжьыртэкъым. США-мрэ Къухьэпі Европэмрэ сыт и лъэныкъуэкІи задригъэкІыну хущІэкъурт, игъащІэ лъандэрэ ди жагъуэгъуу щытахэр ди щыгу кІригъэтІысхьат, абыхэм ягу зэрыригъэхьын мурадкІэ.

ГъэщІэгъэнщ иужькІэ сэтей къэхъуахэр. «Ди ныбжьэгу» хъуа американ ІэщіагъэлІхэр нэхъ щэху дыдэу щыт ди ядерпэ центрхэм махуэ къэс кІуэрт, лэжьапІэ зэрыкІуэм хуэдэу. Зэрыгурыуэгъуэщи, урысей щІэныгъэлІхэр езыхэм я апхуэдэ Іуэхущіапіэхэм лъагъэІэсырэтэкъым. Ди къэралышхуэр хэутэн ящІат. Ипэжьпіэкіэ дэ диІэкэтэкъым Урысей Федерацэр зыхьумэжьыфыну къару. Ар Іупщіу къигъэлъагъуащ. Щэшэным щекІуэкІа япэ зауэм. Пэжщ, иджыри Урысейм атом Іэщэр къуэлъти, къебгъэрыкІуэным Іуэхур нэсырэтэкъым, арщхьэкІэ шынагъуэр къэблагъэ зэпытт.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Мэшбащіэ Исхьэкъ егъэлъаПІэ. *2007 гъэ*

● Жэрдэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. Къурмэн хьид махуэшхуэм и щІыхькІэ цІыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусЛымэнхэм си гум къыбгъэдэкІыу сохъуэхъу Къурмэн хьид махуэ лъапІэмкІэ!

АР ДИНЫР зи фІэщ хъуэхэм я дежкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ махуэшхуэхэм ящыщщ. Абы цІыхухэр къыхуреджэ гуапагъэмрэ зэхуагъэмрэ, гумащІагъэмрэ Алыхьым фІэлыкІынымрэ, гущІэгъумрэ пщІэ зэхуэщІынымрэ. Лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм, дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэхэм я зэхуэдэ унэ хьуа ди республикэм дежкІэ ислъамымрэ адрей динхэмрэ я хабзэ дахэхэр тегъэщапІэ щІыныр, абыхэм тетыныр мыхьэнэшхуэ зиІэ лъабжьэу уваща.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусЛымэнхэм, ислъамым и лъапІэныгъэхэм тету, жылагъуэм и псэкупсэ къулеигъэм зегъэужьыным теухуауэ мыхьэнэшхуэ зиІэ къалэн ягъэзащІэ, республикэм исхэр мамыру, зэгурыІуэу зэдэпсэуным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми мы махуэ лъапІэмкІэ сехъуэхъуну сыхуейщ икІи узыншагъэ быдэ яІэу, зэхуэгуапэу, насыпыфІэу, зэІуэзэпэщу псэуну си гуапэщ.

Республикэм и гъуэгухэр нэхъри егъэфІэкІуэн

● Жэрдэм

Нэхъ япэкІэ яубзыхуауэ щыта Іуэхуэхэр гъэзэщІа зэрыхъур къэпщытэным хуэунэтІауэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и унафэщІхэр, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэр зыхэта зэІущІэ.

АБы ЗЭПКЪРЫХАУЭ щытепсэлъыхьащ щІыналъэ, муниципальнэ мыхьэнэ зиІэ гъуэгуэхэр ухуным, капитальнэу зэгъэзэпэщІыжьным, «Шынагъэнщагъэ здэщІыІэ автомобиль гъуэгу тэмэмхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ а гъуэгуэхэр щыІэ мардэхэм къитІасэу зехьэным.

ЗэІущІэм зэрыщыжаІащи, псори зэхэту Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ гъуэгухэр километр мини 9-м щІегъу. Ахэр зыхуей хуэзэу зэрахьэн папщІэ республикэм и гъуэгу фондым мы гъэм сом меларди 3 хуэдиз щыхухахащ. Муниципальнэ гъуэгу фондхэр къызэрагъэпэщын папщІэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органэм мы гъэм я ягъэ сом мелуан 758-рэ хуаутІыпщащ.

Ятхауэ щыта контрактхэм ябгъэ иткІэ нобэм ирихьэлІэу Прохладнэ, Майскэ къалэхэм я уэрам зыбжанэ зэрагъэпэщыжащ, асфальт тралъхьэ Налшык, Бахъсэн къалэхэм, Бахъсэн, Аруан, Іуащхьэмахуэ, Шэрэдж, Тэрч районхэм я гъуэгухэм ящыщ Іыхьэхэм.

ЗэІущІэм апхуэдэу щыхэплъащ «Иджырей къалэм и щытыкІэ тэмэм зэтегъэувэныр» федеральнэ программэм ипкъ иткІэ къуэв къалэнхэр зэрагъэзащІэм. Республикэм и муниципальнэ щІыналъэ 32-м зэуэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ жылагъуэ зэхуэсыпІэу 32-рэ, пщІантІэу 145-рэ зэІуэзэпэщ щІыным хуэгъэзауэ. Апхуэдэхэм ящыщщ Налшык къалэм и Александровкэ хьэблэмрэ Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм и гупэмрэ щыІэ утыкухэр, Бахъсэн къалэм Мамырыгъэмрэ щэнхабзэмкІэ и паркыр.

ЗэІущІэм щабзыхуащ 2019 гъэм къапэщІ псори и зэманым гъэзэщІэным, лэжьыгъэхэм я фІагъым ткІийуэ кІэлъыплъыным хуэунэтІа къалэнхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

● Дыгъуасэ

КІУЭКІУЭ Казбек: Лъэпкъыр узынщэн папщІэ цІыхубэ спортым зегъэужьын хуейщ

КІуэкІуэ Казбек ирихьэлІащ Налшык щыІэ Сабий стадионым Физкультурникым и урысейпсо махуэм и щІыхькІэ къыщызэрагъэпэща зэхьэзэхуэм. Спортсмен ныбжьыщІэхэр зэпеуащ футболымкІэ, теннисымкІэ, атлетикэ псынщІэмкІэ, гимнастикэмкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм гъэсакІуэхэм, спортсмен ныбжьыщІэхэм, абыхэм я адэ-анэхэм яхуэзащ, мы Іуэхущіапіэм и зэфІэкІым, абы щыгъуазэ зищІащ. Стадионым спорт школу 2 щыІэщ икІи абыхэм зыщагъасэ зи ныбжьыр илъэси 6 - 18-м итхэм ящыщу мини 3-м щІигъуи. Хабзэ хъуауэ, сабий стадионым республикэ, щыналъэ зэхуаку, урысейпсо мыхьэнэ зиІэ турнирхэр къыщызэрагъэпэщ. Мыбы зыщызэрагъасэхэм дунейпсо класс зиІэ спортсменхэр, Урысейм, Европэм, дуней псом щытекІуэхэр кьахэкІащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсмен ныбжьыщІэу, балигъыу къэралым и командэ къыхэхахэм 141-рэ хэтщ, спортсмен 1200-м щІигъум разряд зэмылІэужьыгъуэхэр, спортымкІэ мастерым и кандидат, Урысейм спортымкІэ и мастер, спортымкІэ дунейпсо класс зиІэ мастер щІэхэр къыфІащыр папщІэ зыхуэфащэ мардэхэр ягъэзащІащ. Абыхэм я нэхъыбапІэм я спорт гъуэгуанэр Сабий стадионым къыщежьащ. Мы Іуэхущіапіэм иІэ Іэмал псори нобэ нэгъэсауэ къагъэссэбэпу жьпІэ хъунущ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм жиІащ мыпхуэдэ Іуэхущіапіэу республикэм щыІэхэр нэхъыбэ щІын, абыхэм я къудамэхэр район псоми къыщызэІухын хуейуэ къызэрилъытэр.

«Урысейм и Президент Путин Владимир зэпкърыхауэ къыгъэлъэгъуащ лъэпкъ проект нэхъыщхьэхэр зыхуэунэтІар. Апхуэдэхэм ящыщщ физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыныр. А къалэныр нэгъэсауэ ди деж гъэзэщІа щыхъун папщІэ «Спортыр гъащІэм и мардэщ» щІыналъэ программэм тету спорткомплекс зэмылІэужьыгъуэхэр, джэгупІэхэр щаухуэ. Ди дежкІэ мурад нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ лъэпкъым и узыншагъэр гъэбыдэныр икІи а къалэныр дэкІын папщІэ цІыхубэ спортым зегъэужьыныкІэ, республикэм исхэм, псом хуэмыдэу къыдэкІуэтей щІэблэщІэр спортым хэшэныкІэ Іэмал псори зэтегъэувапхъэщ», - жиІащ КІуэкІуэ К. В.

Стадионым щекІуэкІа псалъэмакъым ипкъ иткІэ Іуэху зыбжанэ яубзыхуащ. Абыхэм ящыщщ сабийхэм зыщагъасэ пэшхэр нэхъыбэ щІыныр, мини-футбол щыджэгу губгъуэхэм папщІэ алэрыбгъуэхэр къащІэхуныр, аргуэру зы теннис джэгупІэ къызэІухыныр, спортсмен ныбжьыщІэхэр нэгъуэщІ щІыналъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэхэм хэтын папщІэ ахъшэкІэ защІэгъэкъуэныр.

Псалъэмакъым и кІэухым КІуэкІуэ Казбек тренерхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ екъуІэныгъэхэр яІэну, къапэщІт турнирхэм текІуэныгъэщІэхэр къыщакьыну екъуэхъуащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

ХэкІыпІэхэм щыгъуазэ зещІ

КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыІащ Тэрч щІыналъэм икІи Интернациональнэ къуажэм щыІэ мэкъумэш-фермер Іуэхущіапіэр и лъабжьэу лырэ гъэшрэ къэлэжьыным, мэкъумэш щІэным хуэгъэпса агропромышленнэ комплекс къызэІухыным теухуауэ щыІэ хэкІыпІэхэм щыгъуазэ зищІащ.

ИДЖЫПСТУ а Іуэхущіапіэр йолэжь Іэщ лъэпкъыфІ къэгъэзъуным, гъавэ, джэшхэкІхэр гъэкІыным. Хозяйствэм иІэщ жэм къаш лъэпкъыфІу щэм щІигъу. Абы фІагъ лъагэ зиІэ гъэшхэкІхэкІэ къызэрегъэпэщ щІыналъэм и егъэджэныгъэ Іуэхущіапіэхэр. Дызэрыт илъэсым мэкъумэш-фермер хозяйствэр хэтщ роботхэм ягъэлажьэ иджырей фермэ ухуэным трагъэкІуэдэну мылъку къэхьыным теухуауэ екІуэкІ федеральнэ зэпеуэм.

ЩІыналъэм и Унафэщім зригъэщІащ Тэрч къалэм дэт лицей №1-м егъэщІыпІауэ ящІ, илъэсиц иримыкъуа сабий 40-м щакІэлъыплъыну Іуэхущіапіэм и уэхуэныгъэр здынэсар. Абы и корпусыщІэр ухуэн яухмэ, сабий садым екІуалІэ щІыкІуэм, пасэу зауэкьыным теухуа программэхэм ехъулІэм и мызакъуэу, Іэмал яІэнщ Іэпкълъэпкъыр щашытІэу Іуэхущіапіэм щылажьэ медицинэ кабинетхэм, ЛФК пэшхэм щызыкІэлъагъэплъыну, апхуэдэуи йодрэ бромрэ, шыгъу зыхэлъ ваннэхэм дохутырхэм я нэІэм щІэту хыхьэну. Диспансер учетым щыт, зи школ кІуэгъуэ мыхьуа сабийхэм папщІэ мыбы къыщызэрагъэпэщащ махуэкІэ здэщыІэ хъуну зыгъэпсэхупІи.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэнымкІэ и центрхэм автомобилитІ къыхуащэхуащ

Зи ныбжь хэкІуэтахэм я узыншагъэм щыкІэлъыплъ Іуэхущіапіэхэм езыр-езыру мыкІуэфхэм рдэІэпыкъун папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщащэхуащ щыхуий зэрыхуэм хуэдэ автобус щыкІуитІ. Ахэр къызэрагъэпэщащ дзэбэкъуеиныр къызэхьэлъэкІхэм хуэщІа ІэмэпсымэхэмкІэ.

РЕСПУБЛИКЭМ лэжьыгъэмрэ щыхуэхэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащащэщыжьыныкІэ и министр Асанов Алим зэрыжиІамкІэ, автомобилхэр къащащэхуным трагъэкІуэда сом мелуани 3,8-р федеральнэ бюджетым щыщ ахъшэщ. Нэхъ пасэу республикэм къыщызэрагъэпэщауэ щытащ щыхуэхэм социальнэ Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэным хуэгъэпса гуп зэгъэуІуэ 12. Иджы абыхэм тІу къьхэхъуащ. Щыхуэхэм я узыншагъэр зыхуэдэр къащащэщытэ Іуэхущіапіэхэм а автомобильщІэхэмкІэ яшэнущ зэрысымаджэм е я ныбжь зэрыхэкІуэтам къыхэкІыу езыр-езыру абыхэм кІуэуэ зыкІэлъыдзымыгъэпльыфхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

● Телъыджэ

Іуащхьэмахуэ и хъуреягъыр къэжьыхьынымкІэ урысей спортсменхэр токІуэ

ТрейлраннингымкІэ дунейпсо зэпеуэм хиубыдэу Іуащхьэмахуэ и хъуреягъкІэ къжьыхьынымкІэ апэ увыпІищыр щаубыдащ Урысейм и спортсменхэм. Псом апэу а гъуэгуанэр Храмов Андрей (сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 53-рэ секунд 53-кІэ), етІуанэу Шкель Виталий (15:54:16), ещанэу Ререкин Антон (16:23:20) сымэ къызэпачащ. Абыхэм мы гъуэгуанэм къыщыздэжьнымкІэ рекордыр сыхьэтитІкІэ ирагъэфІэкІащ.

Зэхьэзэхуэм хэтахэм я гъуэгуанэр километри 109-рэ хъурт икІи абы и язныкъуэ Іыхьэхэр хуэзэрт метр мини 5,4-м нэблагъэ лъагапІэхэм. А зэхьэзэхуэм я зэфІэкІыр щагъэунэхуащ къэрали 9-м щыщ спортсмену, къэжьыхьынымкІэ фІыуэ зыпІъагъу щІалэгъуалэу 850-м.

ГЪУКІАКЪУЭ Инал.

Темыркъан Юрий КъБКъУ-м щохьэщІэ

КъБКъУ-м Темыркъан Хьэту и цІэр зезыхьэу хэт зэІущІапІэ пэшышхуэм вузым и егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ щыщхьэуІум и 9-м щрагъэблагъащ дыззрыгушхуэ ди хэкуэгъу, СССР-м, РСФСР-м, КъБР-м я цІыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтымрэ Глинкэм и цІэр зезыхьэ саугъэтымрэ я лауреат, Санкт-Петербург къалэм и къэрал филармониеМ и Академическэ симфоние оркестрым и художественнэ унафэщІ, дуней псом къыщащІыху, оркестр цІэрыІуэ зыбжанэм я тхьэмадэ Темыркъан Юрий.

КъБКъУ-м и ректор **Алэтуд Юрий** и псалъэм къыхигъэщащ КъБКъУ-м и профессор, еджапІэ нэхъыщхьэм и попечительскэ советым хэт, дуней псом щІэщхуэ щызиІэ Темыркъан Юрий щІэх-щІэхыуэ я кІэащІэм кІаззэрыхуеблагъэр гуапэ зэрыщыхьур, щэнхабзэмрэ гъэзэджэмрэ я щыху цІэрыІуэм студентхэр епсэлъэну Іэмал зэрапэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Къызэхуэсахэр ирагъэпльащ Темыркъан Хьэту, Борис, Юрий сымэ я гъащІэмрэ гъащІэмрэ теухуа видеонэтынхэм. Зэхьэхьэм хэтащ икІи къыщыпсэльащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

Темыркъан Юрий къыщыпсальэм КъБКъУ-м и ректорым, пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэм фІыщІэ яхуищІащ зэрырагъэблагъам папщІэ.

Пшыхь гуапэр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Нобэ Физкультурникым и махуэщ

ІэнатІэм зегъэужьыным хуэлажьэхэр

Илъэс къэс щыщхьэУІум и етІуанэ щэбэтым ди къэралым щагъэлъапІэ Физкультурникым и махуэр. Бахъсэн щІыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъыз Артур а махуэм и пэ къихуэу яІущІащ щІыналъэм спортым зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІэхэм, а ІэнатІэм нобэ хьэлэлу пэрытхэм.

ЗэІУЩІЭМ кърагъэблагъат спортым и ветеран, СССР-м бэнэкІэ хуит спорт лІэужьыгъуэмкІэ и мастер Щоджэн Исуф, щІэблэр футболым хуэзыгъасэхэу Къаскъуэл Іэхьедрэ Жамырзэ Хьэзрэтэлийрэ, район администрацэм щІалэгъуалэм ядэлэжьэныгъэ зэрыщыхуащІыр. Бахъсэн районым щыщ спортсменхэм республикэм и мызакъуэу, къэралым и щІыхьри лъагэу щаІэт дунейпсо утыкушхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм.

КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныным хуащІа хэлъхьэныгъэшхуэм папщІэ икІи Физкультурникым и махуэр зэрагъэувэрэ илъэс 80 зэрырикъум и щІыхькІэ КъБР-м СпортымкІэ и министерствэмрэ Бахъсэн щІыналъэ администрацэмрэ я щІыхь тхьылъэр ираташ спортсменхэм.

Езы спортсменхэми фІыщІэ ящІащ щыщ спортсменхэм республикэм и мызакъуэу, къэралым и щІыхьри лъагэу щаІэт дунейпсо утыкуэ зэмылІэужьыгъуэхэм.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн щІыналъэм и администрацэм и пресс-Іуэхущіапіэм и унафэщІ.

«Чемпионым дригъусэу зыдогъасэ»

Физкультурникым и урысейпсо махуэр щагъэлъапІэным хиубыдэу щыщхьэУІум и 13-м ХьэтІохъущокъуэм и хадэм къыщызэрагъэпэщынущ «Чемпионым дригъусэу зыдогъасэ» спорт проектыр.

КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэмрэ Къалэн куэд зыгъэзащІэ щІалэгъуалэ центрымрэ я жэрдэмкІэ яубзыхуа мы спорт Іуэхур ирагъэкІуэкІынущ дзюдомрэ самбомкІэ спортым и мастер, самбомкІэ дунейпсо турнирым щытекІуа Хьэпціэ Артуррэ «Стимул» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ КъуэщІокъуэ Александрэ. Зэпеуэм къырихьэлІэнущ «Лэгъупыкъу» социально-реабилитацэ сабий центрым зыщыщзыгъэпсэхухэр, кьалэдэсхэмрэ ди хьэщІэхэмрэ.

Зарядкэм щІидзэнущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 30-м.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

● Футбол

«Спартак-Налшык» - «Краснодар-3» - 2:0

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Апщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ дыгъуэпшыхь Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм щызэхэта зэІущІэр апхуэдэу иухащ. Топхэр дзэыгъэкІар Бацэ Къантемырщ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Краснодар-3»-мрэ зэрызэдэджэгуамрэ абы иужькІэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Генерал-лейтенант Дзыбэ Мусэ йохъуэхъу. *2016 гъэ*

Пащты Герман хуоэ. *2002 гъэ*

Тау Хьэсэнбий егъэлъапІэ. *2004 гъэ*

Путин Владимир и илъэс 20 гъуэгуанэр

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Дэ, нэхъыжьхэм, ди дежкІэ илъэс 20 блэкІар апхуэдэу жыжьэхьыми, фІыуэ дощІэж къэрал кІуэцІым щыщІа щытыкІэр. ЦІыхухэр къэнат я щхьэр зэрахьэу, улахуэкър мазэ бжыгъэкІэ ямыту, ятми, къыщІэкІыр мащІэу. Мис апхуэдизу Іэрыгъэтэдж хъуа Урысейр Іэщ Іыхьащ зи къаруилъыгъуэ икІи зэрыжьхаплъэр иужькІэ белджьылы хъуа Путин Владимир.

И къулыкъуи текІуу Ельцин Борис ар Путин Владимир кІыщыхуигъэна 2000 гъэм и щыщылъэм Урысейр пЭхъэнэщІэм хьихьауэ жыпІэ хъунущ. Псом япэу абы къыщыщІидзащ хабзэхэр зэфІэгъэувэжыным, къэрал лъэщым хуэфэщэну дзэ зэтриихуэжыным. Мылъкуншэу къэна УФ-м и дежкІэ ар егъэлеяуэ гугъут. Хэбгъэзыхьмэ, США-ми Къухьэпі Европэми я политик нэхъ зыизыгъэакъылыфІэхэми я фІэщ хъуртэжым УрысейрефІэкІуэжыну. Путин Владимиррэ абы и акъылгъуэхмрэ Іэхуэм нэгъэщІу еплъырт.

2007 гъэм Германием и Франкфурт къалэм щынагъуэншагъэмкІэ щекІуэкІа зэІущІэшхуэм къыщыщыпсалъэм Путин Владимир къехьэкІнехьакІ хэмылъу щыжиІащ дунейр зы къэралым игъэува пщалъхэм тету псэун зэрыхуэмейр, дэтхэнэми Іэмал иІэн хуейщ езым къыхихыжа гъуэгум тетыну. Къызэхуэсахэм ар хуабжьу телъыджэ къащыхъуат: хэкІуэдэжьиным нэса Урысейм и щхьэр къиІэтыжьну зыми и фІэщ ищІыртэкъым! ЗэрыгурыІуэгъэщи, Къухьэпіэм къытхуиІэ «лъагъуныгъэм» зэуэ кІэ игъэтащ. Арщхьэкіэ Президент Путин Владимир и унафэм щІэт Урысейр къыпхуэгъэшыжьнутэкъым. Апхуэдизу къэрал кІуэцІ ІэхуэхэриефІэкІуэжу хуежьащ. Пэжщ, ар куэдкІэ и фІыгъэщ а зэманым щыдагъэм и уасэр хуабжьу дэкІуеяуэ зэрыщытами. НэгъуэщІ къэралхэм нэхъыбэу етІщ а гъэсыныпхъэм и уасэр зэрехуэхьжари, щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр къытхуащІуэр, къытхуагъэув санкцэ зэмылІэужьыгъуэхэри (иджы ещанэрэ!) зэран хуэхъуфакъым Урысейм лъэщу зиукъуэдижьыным. Мыгувэу ар хуэкІуэжащ СССР-р сыт щыгъуи зэрыщытам - яхьихьэжащ дунейм и къэрал нэхъ лъэщ дыдэхэм. Пэжу, ди экономикэр иджыри дурыдылу пхужьІэнукъым, ди цІыхухэр псэуныгъэкІэ зызьужьа къэралхэм къакІэроху. Арщхьэкіэ ди щынагъуэншагъэр игъэбыда нэужь, Путин Владимир къэрал кІуэцІ Іэхуэхэм, экономикэм егъэщІылІахэм гулъытэшхуэ яхуищІ зэрыхъуам гугъапІэфІэхэр къытхелъхьэ.

ХУАБЖЬУ ди гуапэу кІыхьидогъэщхьэхуКІ Путин Владимир мызэ-мытІуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыкІуар икІи мыбыи Москваи ди республикэм щыщ цІыху куэдым зэрыщыІущІар. Абы ар дэ псэкІэ нэхъ тпэгъунэгъу ещІ.

ЦІыдгъужьнщ Путин Владимир лэжьакІуэ унагъуэ къызэрыгуэкІым къызэрыхэкІар икІи цІыхур зыхэхуэ гугъуехьхэр, ахэр зыщІэхъуэпсэхэр фІыуэ къызэрыгурыІуэр.

ТкІыгъэ кІэщІым дэ щІедытепсэлъыхьырыпхъым Урысей Федерацэм и Президентым зэфІигъэкІа, ар зыпэлъэща псоми. Ауэ абы иджыри зэман иІэщ и зэфІэкІыр зыхуэдизыр дяпэкІи дигъэлъагъуну.

ШАЛ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель.

Олимп чемпион Мудрэн Беслъэн и гъусэу. *2016 гъэ*

Темыркъан Юрий и пшыхьым хэтщ. *2018 гъэ*

Ректор Есчындар Мухьэдин орден ирет. *2019 гъэ*

Мы махуэхэм

Шыщхьэуіум и 10, *щэбэт*

♦**УФ-м щагъэлъапІэ Физкультурникым и махуэр**
♦**Эквадор Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**. 1809 гъэм ар Испанием къызэрыхэкІым теухуа унафэ къащтащ, ауэ къэрал щхьэхуит щыхьупар 1822 гъэрщ.
♦**1793 гъэм** дунейм и музей нэхъ ин дыдэхэм ящыщ, Париж дэт Лувыр щыхуэр щыхьэну, абы щыщапльыхьыну хуиту къызэІуахащ.
♦**1833 гъэм** иджыпей Чикагэ къалэм (США) и лъабжьэр ягъэтІылъащ. А зэманым ар щІыху щитІ иримыкъу щыпсэу Уинди-Сити къуажэ щыкІуарт.
♦**1876 гъэм** Канадэм щыщ Онтарио штатым и Брантфорд къалэм дунейм щыяпэу телефонкІэ ипсэлъыкІри, Белл Александр зыпищІащ абы километр 13-кІэ пэжьыжьэ Парис къалэм.
♦**1889 гъэм** Инджылызым щыщ Райлэндс Дэн зи щхьэтепІэр щхьэщыпІуантІэ хъу птулъкІэ къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ къратащ.
♦**1921 гъэм** РСФСР-м поцт маркэхэр къыщыдагъэкІыу щІадзащ.
♦**1985 гъэм** Джексон Майкл доллар мелуан 47,5-кІэ «Битлз» гупым и уэрэд псори къищІахуащ.
♦Урыс, совет тхакІуэ **Зощенкэ Михаил** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, щІэныгъэлІ **Нало Ахьмэдхьан** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Емуз Гъузер** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.
♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, «Горянка» газетым и япэ редактор нэхъыщхьэу щыта **Сэбаншы Роэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Театрымрэ киномрэ я актёр щІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Стриженов Олег** и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу.
♦Литературовед, Дагъыстэным щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Ержыб Аслъэн** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦Къэрал къулыкъущІэ, политик **Собчак Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.
♦Сирием къикІыжа щІэныгъэлІ, тхакІуэ **Къумыкъу Мамдухь** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, режиссёр, тхакІуэ **Смехов Вениамин** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мызэщ Борис** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦УсакІуэ, тхакІуэ, «Адыгэ амазонкэхэр» дилогиер зи Іэдакъэщ Іэкі **Ахъмэт МуІэед** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Испанием къыщалъхуа, США-м щыпсэу киноактёр цІэрыІуэ **Бандерас Антонио** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщыкъынущ. Хуабэр махуэм градус 28 – 30, жэщым градус 17 – 18 щыхьунущ.

Шыщхьэуіум и 11, *тхъэмахуэ*

♦**УФ-ми, СССР-м хыхьэу щыта республикэхэм ящыщ зыбжанэми щагъэлъапІэ УхуакІуэм и махуэр**
♦**1845 гъэм** Урысейм щыяпэу Петербург щащІащ баХъэкІэ лажьэ мафІэгър. Ар трагъэувауэ щытащ Петербургрэ Москварэ зэпызыщІэ гъущІ гъуэгум.
♦**1928 гъэм** Москва къыщызэІуахащ Япэ союзпсо спартакиадэр.
♦**1959 гъэм** Москва къыщызэІуахащ «Шереметьево» аэропортыр. Абы япэу къыщегІысэхащ Ленинград къиІэтыкІа Ту-104 кІэхъьлъатэр.
♦**1973 гъэм** СССР-м телевиденэ нэхъыщхьэм игъэлъэгъуэн щІидзащ серие куэд хъу «Семнадцать мгновений весны» фильмыр. Семёнов Юлиан и повестыр и лъабжьэу ар игъуэват Лиозновэ Татьянэ.
♦**1979 гъэм** Днепродзержинск къалэм пэмыжьжьэу уэгум щызэпкъэуащ Ту-134 кхъухьлъатитІ. Абыхэм иса цІыхуи 178-р иуклащ, Ташкент къалэм и «Пахтакор» командэм щыщ футболист 17-ри абыхэм яхэту.
♦КъБР-м и цІыхубэ артист, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Къаздэхъу Султан** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Пакистаным и президенту щыта **Мушарраф Первез** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Елгъэр Анатолий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Дзыхьмыщ Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 15 - 18 щыхьунущ.

Шыщхьэуіум и 12, *блыщхьэ*

♦**ЩІалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Каспий тенджызым и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я махуэщ**
♦**1851 гъэм** Америкэм щыщ дэрбзэр Зингер Исаак Іэрыгъадэ машинэщІэ къигупсысаш. Махуэ 11 куэдкІэ щІ ар зэрелІэлІар иужькІэ езыр дуней псом цІэрыІуэ щызыщІа, и цІэр зезыхьа а Іэмэпсымэр зэпхърилъхьэным.
♦**1865 гъэм** Инджылызым щыщ хирург Листер Джозеф операцэ зэрищІ Іэмэпсымэхэмрэ и Іэхэмрэ микробхэр кІэригъэкъэбзыкІым щхьэкІэ апэу къигъэссбэпауэ щытащ фенол (карболовая кислота) жыхуаІэр. Операцэ нэужьым я уІэгъэхэм е екІуэурэ илыкІхэм я бжыгъэр абы и фІыгъэкІэ хуэдищкІэ нэхъ мащІэ хъуауэ щытащ.
♦**1953 гъэм** СССР-м дунейм щыяпэу водороднэ бомбэ игъэунэхуащ.
♦**1981 гъэм** IBM компанием къыщыигъэкІащ цІыхум здэхуейм деж щигъэуву къигъэсэбэпыным тещІыхьа компьютерыр.
♦**1985 гъэм** «Японием и авиалинэхэм» я «Боинг 747» кхъухьлъатэр Оцутакэ бгым еуащ. А гуэвэзгъуэм цІыху 520-рэ хэкІуэдат, 4-р кьелат. Кхъухьлъатэ кхъухэхуу апхуэдизу цІыху зэуэ щыхэкІуэда абы фІэкІа кхъэхъуатэкъым.
♦**2000 гъэм** Баренцевэ тенджызым щыщІильэфащ «Курск» псыщІагъэрыкІуэ кхъуныр. Абы иса цІыхуи 118-ри хэкІуадащ.
♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бырхъэм Михаил** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦Къэрал лэжьакІуэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іи и хуэдзэу щыта, УФ-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ **Тыркуин Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.
♦Франджым и президенту щыта **Олланд Франсуа** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхьунущ.

Шыщхьэуіум и 13, *гъубж*

♦**Зи Іэ сэмэгур нэхъ зыгъэшэрыуэрэ я дунейпсо махуэщ**
♦**1913 гъэм** Шеффилд (Инджылыз) дунейм щыяпэу щагъэващ мыуплый гъущІ лІэужьыгъуэр.
♦**1928 гъэм** Лондон дунейм щыяпэу телевизоркІэ къыщагъэлъагъуэу хуежьащ щхъуэкІэплъыкІэу траха нэтынхэр.
♦**1942 гъэм** Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъэм фашистхэм я бийуэ пэкІу ирагъэкІуэкІащ.
♦**1961 гъэм** Берлин хуэм щыщІадзащ къэлэр тІууэ зыгуэш блыныр. ГДР-м икІыуэр ФРГ-м Іэпхъуэ цІыхухэм я бжыгъэр зы илъэсым нэхърэ къыкІэлъыкІуэм нэхъыбэ зэрыхъуэм кхъэхкІыу къарагъэжьат а ухуэныгъэр. Блын-гъунапкъэр щытащ 1989 гъэм щэкІуэгъуэм и 9 пщІондэ.
♦**2004 гъэм** Афины къалэм (Алыдж) къыщыхэІухащ XXVIII гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Дзюдо спорт лІэужьыгъуэмкІэ зэпеуахэм я деж абы жэз медаль къыщихьат ди республикэм щыщ Тау Хьэсэнбий, КъШР-м икІа Хърачэ Мурати апхуэдэ дыдэ ехъулІэныгъэ зыІэригъэхьат боксымкІэ.
♦Кубэм щыщ политик цІэрыІуэ, 1959 – 2008 гъэхэм а къэралым и унафэщІу щыта **Кастрэ Фидель** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.
♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ТхъэкІушынэ Нухь** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.
♦Радиом и диктору илъэс куэдкІэ лэжьа, УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Безрокъуэ Хужь** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.
♦Уэрэджыакіуэ цІэрыІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Бэгъуэтыж Светланэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Мэшыкъуэ Нуралий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
♦КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, УФ-м и ухуажэ Іэтащхьэ нэхъыфІхэм ящыщу къалъыта **Къунышъ Хьэчим** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
♦Урысей Федерацэм, КъБР-м, КъШР-м щІыхь зиІэ я артист, опернэ уэрэджыІакІуэхэм Пуччини и цІэкІэ Милан (Италие) щрагъэкІуэкІа зэпеуэм и финалисту щыта **Ташло Алий** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.
♦Урысей актрисэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Тереховэ Анна** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэрфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 – 26-рэ, жэщым градус 15 – 17 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іуэхущ Іапіэхэр бжыыхьэ-щыымахуэ лъэхъэнэм хуэгъэхъэзырынымкІэ республикэ комиссэм и зэІущІэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ - инфраструктурэмрэ бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Бэлэтокъуэ Владимир.

ЗЭІУЩІЭР къыщыізэІуихьи Бэлэтокъуэм жиІащ фэтэр куэд зыхэт унэхэр щымахуэм хуэзыгъэхьэзырхэм я лэжьыгъэхэр фокІадзи и 15-м яухьи зэрыхуейр, жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу хуабэр къэзыт, псыр зрикІуэ бжьамийхэр дагъуэншэу зэрыщытыпхьэр. Къэбгъэльэгъуэмэ, республикэм фэтэр куэд зыхэт унэ 2384-рэ щыІэщ, ахэр котельнэ 389-м кьагъэхуабэ.

КъБР-м инфраструктурэмрэ бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Гъэсашэ Жамболэт** къыщыпсалъэм кхъихигъэщащ щІымахуэм зыхуэгъэхьэзырым сом мелуан 588-рэ мин 33-рэ зэрытрагъэкІуэдэнур, щІыпІэ біюджетымрэ Іэхуащ Іапіэхэм я ахъшэмрэ кхъухэкІыу - сом мелуан 319,3-рэ. Мы зэманым сом мелуани 184,2-рэ зытекІуэда лэжьыгъэ ягъэзэщІащ (ахъшэм и процент 57,7-р).

Ящбзыхуэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкІуэкІымкІэ къыкІэрохуу Налшыкрэ Лэскэн районымрэ. Ящэ итщ Аруан, Май, Дзэлыкъуэ щыналъэхэр, абыхэм лэжьыгъэм и процент 80-м нэсыр зэфІахащ.

Бадзэуэгъуэм и 25-м ирихьэлІэу къызэрапщытамкІэ, унэхэр щІымахуэм хуэхьэзырщ процент 73-кІэ (нэгъабэ ар процент 79,8-кІэ зрагъэхъулІауэ щытащ). Уно 491-м щыпсэуэхэм нобэр къыздэсым къахухэхакъым я Іэхуэхэр зэзыгъэкІуэнур хэтми. А унэхэм я нэхъыбэр Налшык кьалэм ейщ.

Зэрагъэпэщыжьын хуейуэ котельнэхэм щІэт Іэмэпсымэ 389-м ящыщу 295-м елэжьащ. Хуабэ-энергетикэ комплексым къызэщІиубыдэм и процент 60-р жьы хъуауэ къалытащ. Псом хузмыдзу унафэщІхэр тогуэзвыхь Псыкіэху къуажэм дзт котельнэм и щытыкІэм.

КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм щІымахуэм зыхуэгъэхьэзырыным сом мелуани 3-рэ мин 119-рэ тригъэкІуэдэнущ. Бадзэуэгъуэм и 25-м ирихьэлІэу лэжьыгъэхэм я процент 34-р игъэзэщІащ. КъБР-м Узыншагъэр хъуэмэнымкІэ и министерствэм а Іуэхум текІуэдэну хухаха сом мелуан 25,3-м и процент 75-р къигъэсэбэпащ, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм - процент 46-рэ (псори зэхэту сом мелуани 2-рэ мин 570-рэ къигъэсэбэпыну и мурадщ).

«Кавказ Ищхъэрэм и Россетхэм» мы Іуэхум тригъэкІуэдэнущ сом мелуани 157,5-рэ, «Газпром Налшык» Іуэхущ Іапіэм - сом мелуан 77-рэ мин 484-рэ.

Ростехнадзорым и кІудамэм и унафэщІ **Джэду Мурат** жиІащ къэпщытэнигъэхэр зыщщхьэуІум и 19-м щІадзэу жэпуэгъуэм и 14 пщІондэ зэрырагъэкІуэкІынур.

Я Іуэхур зытетым теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ район администрацэхэм я лІыкІуэхэр.

КъБР-м энергетикэмкІэ, тарифхэмрэ псэупІэ кІалъэлІпынигъэмкІэ и министр - КъБР-м и къэрал псэупІэ инспектор нэхъыщхьэ **Безниковэ Иринэ** жиІащ зыми и нэІэм щІэмыт унэхэм гулъытэ хуащІын зэрыхуейр.

Бэлэтокъуэ Владимир къыхигъэщащ, нэгъабэ зэфІагъэкІам еплъытмэ, мы гъэм лэжьыгъэхэр нэхъ хуэму зэрырыкІуатэр. Къапщтэмэ, абы и щхьэусыгъуэр мыгъэрей ГъатхэМ унэхэр зэрагъэпІьа пІалъэр нэхъ кІыхьлІыхь зэрыхъурщ, ауэ зэман благъэкІам Іуэху псори лъэщІагъэхьэжьын хуейщ.

ХУЖЬОКЪУЭ Нафисэт.

● Абы дегъэпІейтей

ЯхуэзэфІэкІар куэдкъым

Унафэ пыухыкІахэр къащтэ

● ЩІДАА

Сочэ къалэм дэт «Рэдиссон» хьэщІэщым щыщхьэуІум и 7 - 8-хэм щекІуэкІащ ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и президиумым хэтхэм я зэІущІэ. Абы щытепсэлъыхьащ ЩІДАА-м блэкІа илъэсым къуриубыдэу зэфІигъэкІа Іуэхугъуэхэмрэ къэкІуэну зэманым кьыпэщылъ къалэнхэмрэ.

ЗЭХУЭСЫМ доклад нэхъыщхьэр щищІащ ЩІДАА-м и президентым и къалэнхэр зыгъэзащІэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, академик **Къанокъуэ Арсен**. Ар зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ адыгэхэм я жылагъуэ щІэныгъэ зэгухьэныгъэ иныр мы зэманым зэрыт щытыкІэм, абы адэкІэ зэрызэиужьынум хуэгъэпса и гупсысэхэри къигъэнэІуащ. Куэд мэхъу ахэр: адыгэу дунейм тетхэр зэуІуу льэпкъ Іуэхум хуэгъэлэжьэн, академием щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэр кьешэлІэн, адыгэ щІалэгъуалэм я нэхъыфІхэм хамэ къэралхэм я еджапІэ нэхъыщхьэхэм, абыхэм кьепха аспирантурэхэм, докторантурэхэм щІэныгъэ щегъэгъуэгъун, нэгъуэщІхэри.

- Псори зыхуэунэтІыжар зыщ, - кІыхьигъэщащ Къанокъуэ Арсен. - Адыгэ льэпкъым адэкІи зегъэужьын, дунейпсо мардэхэм хуэкІуэ, иджыри зэманым екІу экономикэ лъэщрэ псэукІэ дахэрэ диІэу. ЩІДАА-м, абы и президиумым хэт дэтхэнэми гурэ псэкІэ зыхищІэн хуейщ льэпкъым и пащхьэм щыдиІэ жэуапллыныгъэм и льаГагъыр. Ар къэдгъэльэгъуэн хуейщ зыхуэдгъэувыжь мурадхэмкІэ, зэфІэтх ІуэхушхуэхэмкІэ.

Докладым пащэу, ар нэгъуэщІ лъэныкъуэхэмкІэ къызэпкърахыу кьэпсэлъахэщ академикэу **БакІуу Хъанджэрий**, **ЩІэбзэгъэпсо Сэфарбий**, **Кьалэ Хьэжбарэ**, **Къущхьэ Хьэсбий**, **Бырсыр Батырбий**, нэгъуэщІхэри. Бырсыр Батырбий гулъытэ хэха хуищІащ адыгэбзэр, льэпкъ тхыдэр джыным зегъэубгъун зэрыхуейм.

ЩІДАА-м и щІэныгъэ секретарь нэхъыщхьэу президиумым кьыщагъэльэгъуащ академик ЩхьэгъэпсоСэфарбий.

- «Гугъэр адэжь щІэинщ» жеІэ льэпкъ псалъэжьым. ИтІани, си фІэщ мэхъу ди адыгэ академиер нэхъ зэкъуэт, льэщ, льэпкъым хуэщхьэпэн Іуэхугъуэфі куэд щызэфІах зэгухьэныгъэ лъэрзыехьэ зэрыхьунур, - жеІэ филологие щІэныгъэхэм я доктор БакІуу Хъанджэрий. – Апхуэдэ гугъэ дахэ сэзыгъэщІыр ЩІДАА-м и тхьэмадэ Къанокъуэ Арсен ипэжьыпІэкІэ хэкупсэу, льэпкъымрэ абы и къэкІуэнымрэ папщІэ и къаруи, зэфІэкІи, мылъкуи, зэмани щымысхэ хэкуІу зэрыщытырщ.

Адыгэ Академием и президиумым утыку ирахьа Іуэхугъуэ псомкІи унафэ пыухыкІахэр Сочэ къыщащтащ. ЩІДАА-м и илъэс зэхуэсыщхьэр дызыхуэкІуэ бжьыкъэм екІуэкІынущ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

«ТекІуэныгъэм и дерсхэр»

● Фэеплъ

2020 гъэр ди къэралым щагъэуващ Фэеплъымрэ щІыхьымрэ я илъэсу. Абы хыхьэу Урысей Федерацэм Іэтауэ щагъэлъапІэнущ 1941 – 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэр ди къэралым и ТекІуэныгъэкІэ зэриухрэ илъэс 75-рэ зэрырикъуар. А гуфІэгъуэ дауэдапщэхэм щыщ куэд ирагъэкІуэкІынущ егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ я Іэнатіэхэм.

УФ-м Егъэджэныгъэмкіэ и министерствэм, «Просвещение» къэрал Іуэхущ Іапіэм, Урысей тхыдэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм иджыблагъэ къыхалъхьащ ТекІуэныгъэ Иным и махуэшхуэм и щІыкІэкІэ «ТекІуэныгъэм и дерсхэр» фІэщыгъэр зиІэ, методикэ лэжьыгъэхэм я дунейпсо зэпеуэ егъэкІуэкІыпхъэу, Абы теухуа Іуэхухэр щаубзыху зэхуэс щыщхьэуІум и 8-м Москва щригъэкІуэкІащ зэпеуэм и къызэгъэпэщакІуэ комитетым. А жэрдэмыр къыхэзыльхьа Іэнатіэхэм я унафэщІхэу Васильевэ Ольгэ, Узун Владимир, Нарышкин Сергей сымэ зэхуэсым Іэ щытрадзащ зэрызэдэлажьэнумкІэ дэфтэрым.

Зэпеуэр екІуэкІынущ 2019 гъэм и фокІадэм и 1-м къыщыщІэдзауэ 2020 гъэм и накъыгъэм и 9-м нэсыху. Ар Іыхьитіу зэщхьэщыхуауэ щытынущ: щІыналъэ Іыхьэрэ федеральэу. 2020 гъэм и гъатхэпэм и 30-м ирихьэлІэу экспертхэм къыхахынущ щІыналъэ Іыхьэхэм нэхъыфІу къыщалъытэ лажьыгъуэ 10-кІэ зэщхьэщыхауэ. Зэпеуэм хэтынущ тхыдэр, нэгъуэщІ гуманитар предметхэр школхэм щезыгъэджэжр. Къыхэгъэщыпхъэщ УФ-м щылажьэ школхэм нэмыщІ, нэгъуэщІ къэралхэми щыІэ еджапІэхэм зэпеуэм хэтынущ ящыщІэу зэрагъэр.

«ТекІуэныгъэм и дерсхэр» дунейпсо зэпеуэм и кІэух Іыхьэм нэсхэр Москва ирагъэблагъэнурэ, абы щагъэлъапІэнущ. Аруходэ егъэджакІуэхэм я методикэ лажьыгъэхэр, ятэ дерсхэм я планхэр щІэныгъэгъэджажьэныгъэ журналхэм къытрадзэнущ, хэт хуейми щыгъуазэ зыхуищІыфын папщІэ.

КъАРДЭН Тамбий.

Шэру Соня и пшыхь

Музыкэ театрым щыщхьэуІум и 23-м гуфІэгъуэ пшыхь щекІуэкІынущ, «Кабардинка» академическэ къэрал къэфакІуэ ансамблым и солисткэ цІэрыІуэ, КъБАССР-мрэ РСФСР-мрэ щІыхь зиІэ я артисткэ, къафэм и гущэ Шэру Соня къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум и щІыхькІэ.

ЩІыщІидзэнур сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ. УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ хуэнущ ящІыкІэ: 77-42-08 (кассэ), 42-43-13.

Іуэхуэ пщІыр Іуэхуэ мэхъу.

Гукъэкlыжхэр къыщытегуплlэм и деж

Уэрэджыlакlуэм и зэфlэкl

И уэрэд гукъинэхэмрэ и макъ гуакlуэмкlэ ди республикэми гъунэгъу щыналъхэми фlы дыдэу къыщацlыху Пащlэ Ленэ. Телевиденэми радиоми я гъэтlылъыгъэхэм куэду хэлъу абы игъэщlэу щыта уэрэдхэр, ахэр щlэхъыхьурэ хъат. Ленэ и макъым и къабзагъымрэ и утыку итыкlэ екlымрэ уатхьэкъу. къыхужаlэу къекlуэкlащ.

Пащlэ Ленэ

АБы концерт куэд щитащ Кавказым и къалэхэми, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгей республикэхэм я жылагъуэхэми. Ар фlыуэ къалъагъуу ирагъэблагъэу щытащ США-м, Тыркум, Къуэкlыпlэ Гъунэгъум щыпсэу ди лъэпкъзгъуэхэм. Апхуэдэ зэIуцlэхэм я фlыщlэкlэ хамэ къэралхэм благъэхэр къыщицlуэтащ, ныбжьэгъу пэж хуэхъуахэр щиlэщ.

Ди редакцэм ззэзмызэ къыщlохьэ Ленэ, нэхъыжьыуэхэри лэжьэн щlэзыдзагъащlэхэри и нэIуасэщи, дэтхэнэми бгъэдыхьэкlэрэ епсэлъэкlэрэ кьыхуегъуэтыф. Псори фlыуэ дыкъыдзэрильагъуэ зыхьидощlэ, дыкъыдзэрильытэм, дызэригъэгушхуэм папщlэ пщlэшхуэ худоущ, дихьэщlэ лъапIэщ.

Адыгэбзэкlи урысыбзэкlи зэхуэздзу фlыуэ матхэ Ленэ. Куэдым ядумыльагъу гурыхуагъакlи тхьэр къыхуэупсащи, и Iащlэм къыщыкхьуаскъыщыщlакъэр гъэщlэгъуэныщ, гугъэззэгъауэ итхьи-жьи лъюкl. Дунейм къытехьащ абы и гукъэкlыжкъэр адыгэбзэкlи урысыбзэкlи зэрыт тхьпlэ. «Си гъащlэ - си уэрэд» («Жизнь моя - песнь моя») фlищауэ. Ар Iыхьищу зэхэтщи, зым къыщыхьащ и адэм къыхуиIуэтэжа хъыбархэр, етIуанэр - и сабиигъуэм къыщыщIэдзауэ гум кьина Iэхугъуэ гъэщlэгъуэнхэр къыщыIуэтэжа тхыгъэхэрщ, ещанэр, «Хэкум пэIэщIэу» зыфlищар, нэгъуэщI къэралхэм и нэгу щыщIэкlахэрщ.

Куэд зыхуэзэфlэкlа бзылъхугъэ щыпкъэщ Ленэ. Гъэщlэгъуэныщуэ абы и гуащlэхуэ хилъхьащ и тхьэмадэм и адэ Пащlэ Бэчмырзэ и щlэиныр зэхуэхьэсыныр зэхуэмэныр. Щыпсэу пщlантIэм (Нартан къуажэм) абы къыщыззIуихащ Бэчмырзэ и музей, илъэс куэдкlа езым и мылькукlэ, и къарукlэ игъэлэжьащ, зыхуей хуигъэзащ. Илъэс зыбжанэ хъууэ аращ ар республикэм и щэнхабзэ Iэхуущlапlэхэм зэрыхагъэхьэрэ. Ауэ иджыри лъэкl къигъанэркъым утемыкlытыкъу цыкlу кьебгъэблэгъэн хуэдэу музейр щигъэтынымкlэ. Бэчмырзэ тегуха куэд зэхуихьэсыжащ бзылъхугъэм, архивхэм къыщигъуэтыжа дэфтэрхэр и тегъэщlапlэу Iэджэ къиугъуеижащ, ахэр къыщызэщlикъуауэ Пащlэ Бэчмырзэ и Iащlэмрэ и гуащlэмрэ теухуа тхылъ щхьэхуи, «Ещё раз о Бекмурзе...» фlищауэ къыдигъэкlащ.

ХужьпIэфынур гъунэжщ Ленэ, дэтхэнэ псалъэ гуапэри и Iащlэмкlэ, и гуащlэмкlэ, и зэфlэкlымкlэ кьилэжьауэ. Узынщагъэ быдзэрэ гукъыдзкрэ иIэну, музейм теухуауэ и хуэпсапlэхэр кьехъулIэну дохъуэхъу, и гукъэкlыжхэм щыщ зыбжани ди гуапэу тыдодзэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сабиигъуэм епхауэ

ГЪЭМАХУЭ кlыхьым Щыщхьэхъу щыIа ди адэр къэсыжащи, унагъуэм исхэр зэблож. Ди анэр мэпщафlэ, си дэлъху нэхъыщlэм шыр егъэпскl, си шыпхъу цыкlумрэ сэрэ и щыгъынхэр дожьащ. Зитхьэщlыну папэ зэрежьэу жьыщlыгъэр кьыщIэзодзэ, тасымрэ къубгъанымрэ къызопхъуатэри, си адэм сыбгъэдохьэ. Сыту сфlэфlыIуэт абы псы тескlэуэрэ зезгъэтхьэщlыну! Сыхуэсакъыуэрэ, и щхьэм псы тескlэуэрэ и щхьэфэм тель дыркъуэр къэслъагъурти, си нэгу къыщlидзэрт жещ кlыфlым хэту си адэр сэлэтхэм гъыгъэ щхьнрэ къахуихьыну зэрежьар. Iэхур щекlуэкlыр Елъхъуэт дежт. Нэмыщэхэр кьебгъэрыкlуэрт, абдежым фlэкlмэ щэщэным я щIыдагъэр къаIэрыхьэнурэ, хуиту я танхэри, кхъыхьлъатэхэр мотощиклхэри кьыпIуэвынут Кавказым. Зыкъомрэ пща нэужь, пщlэнтIэпс шугъэм и нэр щIисыкIырти, гъущI каскэр зыщхьэрихри зригъэтIылъэкlащ. Абдежым щэ цIывар и щхьэху дыдэм хуэзэу тецIэфтри и щхьэфэм Iыхьэ цIыкlу триудащ, лъыри къыщиудащ. Зы тIэкlуэрэ зиудигъуауэ щыIэри, лъымрэ пщlэнтIэпс шугъэмрэ бэлътокуклэ иригъэщlыкlыуэ и гъэгъуи пищащ. Гъэгъу Iуфэм нэмысыпэу, тхылъымпIэ лантIэм къыхэщlыкlа къэпым Iууащ. Къэпыр хьэлъэт. Тхьэм ещlэ, нэмыщхэм хуашэ шхыным щыщу кьакlэрыхуагъэзт. «Сыт ильми ерыскъыIэ?» - жиIэри, къэпыр и ныбжьэгъу сэлэтхэм я бее нигъэсыным яужь ихьащ. Я тIысыпIэм къэсыжу къэпыр къыщIэтIэпIам, бдзэжьей гъэгъуа иПу къыщlэкlри, мэжэщlалIэхэм затIыжащ. Мис иджы псы Iэмал имыIэу трафыхьыжьын хуейти, псы къахуихьыну аргуэру гъэгъу теувэжат си адэр.

А щIыпIэхэр абы фlыуэ ицlыхурт, сыт щхьэкlэ жьпIэмэ, Ашэбей жьлэм щlиIа мылъкур - жэм тIощIрэ тхурэ, мэл гуартэ колхоз къэуэнэхум ярита нэужь, и анэм и къуажэ Шэджэм Езанэм Iэпхъуат. А лъэхъэнэм Ашэбей жьлэм участковэу Шыпlынэхэм я щlалэгъащlалажьэрт. Си адэм пщlэ къыхуищlэхунти, гъэпщlкlуауэ жэщу зыкъыхуигъазэри къыжриIэгъащ: «Хъэлид, уи мылькур птакlэ уяужь икIынукъым мыхэр, уи унагъуэр къащти дэкl, нэхъ жьжьэIуэу». Я гъунэгъу щIалэ Унэшхуэлl фlыцlэ къриджэри: «Зэшиплl фохъу, уэ си лъапсэм къэIэпхъуи щцlпсэу. Тхьэм ущиГъэунэ. Зэгъэр псэууэ сыкъанэрэ сыкъыдыхьэмэ, гуапэу «Къебларгъэ, Хъэлид» къызджелI», - жриIащ.

Апхуэдэ щlыкlэкlэ анэш къуажэм къыщыхуэта щIалэм и адэнэпIэсыр, абы и бынхэр, и анэм абы дигъуэта и къуэш цIыкlур ипIыт хуейти, лэжьыгъэ гъыхъуэ ежьащ. Кьуагъэльэкъуей къуажэм щыщ Iэнащхэ я шыхъуэ нэхъыжьу уври, илъэситхум и кIуэц1 щы гуартэ кьилэжьат, арат Елъхъуэт и Iэгъуэблагъуэхэр фlыуэ щIидыхьур. Дищlэхэр зэпыльти, шыхъуэхэр зэрыцlыхурт. Алыхьым и фlыщlэкlэ псыри къахуихьри, бдзэжьей яшхам тригъэфыхьыжащ.

А хъомыр си нэгум щIэкlырт, си адэм и щхьэм тельдыркъуэм сыщеплъкlэ.

А зэманым илъэс пщы) кlущ сыхъуагъэнт, балигъыпIэ сиувэу хуежьати, си бгыр псыгъуэу кьэнэн щхьэкlэ, бгырыпх бгъуэшхуэр махуэ псом зыщIэзмыхьэ си бостей щIагъым щIэлъу зесхьэрт. Си дэлъху цIыкIум шыр иргъэпскIауэ шэщым щыщIишэжьым, сельэIуащ пщэдджьжь жьыуэ кьыздэтэджу шы-уанэр схуэзэрилъхьэу, къуажэ гупэмкlэ тIэкlу кьащцIэигъэжьхьынну. Дызэрызэгурыуам тету, нэху мыщ щIыкlэ дыкъэтэджри, къуажэ гупэм дыдэкIащ. А зэманым унагъуэ щыстэкъым абдеж, колхоз губгъуэшхуэт, нартыху бэгъуа щагъэкlауэ.

Нэху мыщIипэ щIыкlэ, зыми гу кьытIъамытэу, дыкъыдыхьэжри, шыр бом щIэдгъэувэжащ. Абы хэту си адэри кьэтэджри бом щIыхьащ, шым и Iусыр иIыгъащ. «Мыр сыт, зыгуэрым уигъэщта, укъэпщIэнтIаи», - жиIэуэ едэхащIэрт ар и шым. Сэ хуому кIэбгъу зысщIри, си Iэхухэм ящхь сихьэжат.

Щкольм сыкъыкlыжа щужь щтэIэщтаблэу унэм сыкъыщыщхьэжащ, зыгуэркlэ си адэм ди щэхур кьищIауэ пIэрэ жысIэу. Арщхьэкlэ псори тэмэмт. Мамэ игъэжьа щIакъхьуэ тебэр хьэку дапхъэм тету, мыдэкlэ кlэрпIофэ жьэркуейр бахъэр кьыщхьэщIхьу, и мэ дахэм уи щхьэр игъэунаэзу щыту. Зэрыбынунэу Iэфlу уздэшхэн нэхърэ нэхъыфI дунейм тет хъункъым. Къалмыкъ шей дытефlыхьа нэужь, хьэкъущыкъухэр зэхэттхьэщlэжри, ди адэм дыкъетIысэкlащ.

«Къущхьэхъу дыкъыщехыжьым, сыт щыгъуи хуэдэу Мыншакъ и Iуащхьэм, Къэнжал дей дыкъыщыуВыIащ, - иригъэжьащ си адэм. Ленэ, пльэгъуащэрэт а щIыпIэр... Дэкlыпlэ закъуэмкlэ Къанжалыщхьэ сыдэкlри си нэгу къыщIыхьащ абы щекlуэкlа зауэр. Зауэм хахуэу уэхт къудейкlэ зэфlэкlыркъым. А лъэныкъо гугъум акъыл зэхэдэз ящIу Хьэтlохъущокъуэ Кургъуокъуэ, Къэзанокъуэ Жэбагъы, Ашабэ и къуэ Мыншакъ сымэ утыку кьимыхьэжа, Тхьэм ещlэт къэхъунур. Дауэ къыфщыхьурэ, Iащэ-фащэкlэ зэщIэуэздауэ, мин тIощIрэ пщIырэ хъууэ Къэбэрдейм кьихьа Кърым хъаным и дзэм утекIуэныр?

Зэрыжеслащи, си адэ Жэмырзэ и адэшхуэм и къуэшиц и гъусэу хы Iуфэм кьихьакlэжщ. Зыр Ашэбей, адерейр Джылахъстэней, ещанэр Аушыджэр, мыдрейр Бахъсэн ауэым щыгIысасхэщ.

Нэхъыжьхэм жаIэжу зэрызэхэсхамкlэ, Мыншакъ сымэ дыкъытепщIыкlащ. Си адэр сэ илъэсищ срикъуа къудейуэ дунейм ехыжати, гугъу сехьу сыкъэхъуащ. Мыншакъэрэ Iыншакъэрэ лIы лъэрызэхъэу къэгъэгурыкlуауэ яIэрэ щхьэр. Мыншакъ лIышхуэтэкъым, ауэ егъэлеяуэ къаруушхуэ хэлът. Тэтэрхъаныи и пелуанэхэм пэувырти текIуэрт.

Мыншакъ и щхьэр джафэу упсауэ и щхьэкум акIэ тету, пащIэшхуэ игъэкIыу щытащ. БлигущIэту иIэт зыII. Абы зэреджэр Цынэпlытlт. Iэгъуэблагъэм сыщекlуэкlыр Цынэпlытl япэ зыми кьищIэртэкъым. Цынэпlытl ящхьэкlэ зигъэделэIуделафэу, арщхьэкlэ губзыгъащ нэхъ лажьэ имыIэу...»

Кьэнжал зауэм и хьыбархэр ди адэм кьыджилэурэ дыкъэхъуати, зыгуэрэм щыщIэкlэ тету, пащIэшхуэ игъэкIыу щытащ. БлигущIэту иIэт зыII. Абы зэреджэр Цынэпlытlт. Iэгъуэблагъэм сыщекlуэкlыр Цынэпlытl ящэ зыми кьищIэртэкъым. Цынэпlытl ящхьэкlэ зигъэделэIуделафэу, арщхьэкlэ губзыгъащэ нэхъ лажьэ имыIэу...»

Кьэнжал зауэм и хьыбархэр ди адэм кьыджилэурэ дыкъэхъуати, зыгуэрэм щыщIэкlэ тету, пащIэшхуэ игъэкIыу щытащ. БлигущIэту иIэт зыII. Абы зэреджэр Цынэпlытlт. Iэгъуэблагъэм сыщекlуэкlыр Цынэпlытl ящэ зыми кьищIэртэкъым. Цынэпlытl ящхьэкlэ губзыгъащэ нэхъ лажьэ имыIэу...»

Си адэм и гъусэу хьэщlапIэ сыкIуэну сфIэфIт. Езыми быным саззэринэхъьжьрат е фIыщlэу зысрслъагъур зыхихIэрэт, сытми, дэнэ кIуэми сыздишэрт. Мысостей дэс и шыпхъу нэхъыщlэм дежь лъагъунлъагъу дыщыIауэ дыкъежьэжат.

Куэди къэдмыкIуауэ, зы куэбжэ гуэр деж дыкъыщIгъэувыIэри: «Мы унагъуэм сащlэмыупщlэу дыдэкIыж хъунукъым», - жери дыдыхьащ пщIантIэм. Си адэр бжэм щытеуIуэм, нэгуджэ Iулъу, пащlэшхуэ тету зыпI къыщlэувыкIри: «Уа, Хъэлид, сытым укъытхуихьа? Iэу зиунагъуэрэ, щхьэ фызэтеувыIа, фыкъеблагъэ», - жиIэурэ, тIуми гуапэу сэлам къыдихащ. «Дэ Лалыху деж дыщыхьэщIауэ докIуэж, ауэ узмыльагъуу сыдэкlыжьын си гум техуэнутэкъым», - пидзыжащ си адэм. Сэлам-чэламыр зэфlэкlри, ди Iуэгу дыеувэжащ.

- Папэ, хэт ар? - жысIэу сыщеупщIым, мыращ хъыбар къыжиIэжар.

«Сэ илъэсищ си ныбжьу си адэ Жэмырзэ дунейм ехыжри, куэди дэмыкIыу си адэр къыдэкIыжащ ди адэм и лъапсэм. Дэрбэзэр Iэзэти, абыкlэ кьилэжьыш дыбзэусу, сери схуэзэфlэкlыр сщIэуэ, щIэгъэкъуэн сыхуэхьуу дыпсэуащ. Ауэрэ Къундэтей щыщ ефэндиу Гуанэ Матlэ къыпIыхьуащ си анэм. Бынитху иIэу и щхьэгъусэр дунейм ехыжат абы. Арати, гугъу сехьырт. И Iуэхэр сэ нэхърэ нэхъыжьти, щIэпхъуэ жаIэмэ - сыщIэпхъуэу, къэувыIэ жаIэмэ - сыкъэувыIэу, задезмыгъэкIуу мыхъуу. Анэдэкlуэу укIуауэ утынышнт? Зы хъыджэбз цIыкlу Марьянэкlэ еджэу къыздагъуэтыжати, ди анэр абы нэхъ нэлейкlэ епIлъэ, и мылъхупхъуэхэр ефыгъуэрт. Алыхьым сыкъэщlэ, си анэм кьилъхуам хуэдэу Iэминати, Фэтlимэти, Зурияти сПьагъурт. Хуэщlауэ псэурт Гуанэ Матlэ а лъэхъэнэм, зи пырхъуэр абджыпсу къуажэм дэсыр а зырат. Зыхуэныкъуэ щымыIэу псэуми, зи анэр зырсIэкIуэда зэдэлъхуэззышпхъуэхэм анэнэпIэсыр фIыуэ яхуэльагъуртэкъым... Иджы мы сэлам зэтхар а зэшхэм язщ - Гуанэ Зулъкъэрнейщ ар. Зы Iэху мыхъымыщlэ къыдэхъуэгъащ абы. Мэжджытым нэмэз щищlауэ къыщыщlэкlымыщ, и гуэнщэрыкъыжьыр къыщIинэщ, нэгуэщI гуэнщэрыкъ щIэрыпс щитIаръэри кlуэжащ. Зыхуэныкъуэ щымыIэу псэурт ар, ауэ щыуауэ пIэрэ, хьэмэрэ и шейтIаныр кьытекIуэу гуэнщэрыкъыщIэр къиГэкIуэса? Ар зыщlэр езыращ. Дауи, а къыIэщlащIар хэIущlыIу хъуащ. Нэхъыжьхэм Хасэм ираджэри, фIыуэ къепсэлъащ, езыми жиIащ имыщIэу къэхъуауэ, вакъэр зейм иритыжащ, ауэ абы иужькlэ Мысостей къуажэм и щхьэр дихащ. Зы уэрэди хуаусат абы».

Иужькlэ, си насыпыр зыхэлъым сыдэкIуа нэужь, си адэм къызжиIэгъат: «Тхьэхуэхъуэхэ исщ зэшыпхъуищым яз Гуанэ Зурият, ар кьужажкlэм щопсэу, гулъытэнэ зэи умыщI, Лень», - жиIэри. Зурият зы хьыджэбз закъуэ иIэу фызабэу къэнат. Си адэм жиIар сигу ильти, зэрысхуэзэфlэкlкlэ гулъытэ хуэсщIу сыпсэуащ. ЗэрытщIэжщи, ди нэхъыжьхэм я урысыбзэр нэгъэсатэкъым. Арати, уэ зэхэпха, сэ зэхэсха? Зурият я Iуэнэгъу рыпсэ фыз Галя жриIэзэрат нобл яГъэхъыбарж. Адыгэ хьыджэбзэжм а зэманым нэмыс яхэлъу, хабзэ зэрахьэу щытащ. Галя и пхъуэ щlалэжь цIыкlум хуэдэу псынщIэт, дырийпсырайт, ар и анэм къыгуригъэIуэну жриIэгъащ: «Галия, а Галия, ваша дочка очень хулиганная. Ишаком кататьася, на мостом качатьцая! Очень хулиганная ваша дочка!»

Иджы ди зэманым сыкъоIэбзэж. Архивым сыхэсу, Гуанэ Зулъкъэрней хуауса уэрэдыр къыспэщIэхуэри, аращ си сабиигъуэм си адэм къыжиIэжа хъыбарыр щIэстхэжар.

ГУАНЭ ЗУЛЪКЪЭРНЕЙ И УЭРЭД

Фадэ пльагъум уи нэр къоKI,
Шэджэм уикIри хъуэн къэпхьащ.

Ежьу: Ари сыту напэтехт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

Къатыр нэпцlкlэ укъэкlуащ,
Къатыр цIукlэ укIуэжащ.

Ежьу: Ари сыту напэтехт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

Сохъустэ лъакъуэр лъакъуэ кIыхьщ,
Лъапщэ кIыхьурэ къэбдыгъуатэм,

Ежьу: НэхъыбэIуэрэ урикъунт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

МуIэзиныр пэщхъыныхьущ,
Къатыр быхьур хэпхъуэжащ.

Ежьу: Ари сыту напэтехт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

Сохъустэ мыхъуу пIастэ лъыхъу,
ЛIыжьхэр вакъэм бгъэлъыхъуащ.

Ежьу: Ари сыту напэтехт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

Я нэхъ хьэбзым уобзэрабзэ,
Я нэхъ бзаджэр уи кIуэгъужэгъущ.

Ежьу: Ари сыту напэтехт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

Сыхьэтыпсыр дзыгъуэм ехь,
Уи уэрэдыр бзэм яхьащ.

Ежьу: Ари сыту напэтехт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

Я нэхъ дахэм укъеГапцlэ,
ЛIыжьыр лъапцIэу бгъэкlуэжащ.

Ежьу: Ари сыту напэтехт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

Фи Iустазыр Iупэ пIащIэщ,
УмыпIащIэу ухэплъатэм,

Ежьу: Нэхъыбфlыуэу къыхэпхынт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

Зулъкъэрней а къыIэщIэщIам ириукIытэу, зэрыжаIэщи, лажьэрэ шхэжу дунейм тэмэму тетащ. Мы щапхъэр къыщIэсхьар нобэ дызыхуэкlуам дегупсысын шхэнэжщ. Аз мыри фщIэну сыхуейт. Гуанэхэ иджыри зы Зулъкъэрней яIащ. Абы и цIэр дыщэ уагъэкlэ хэухуэнащ ди тхыдэм. И щIэнигъэ, и цIыхугъэ, и дуней тетыкIэмкlэ кьилэжьжауэ.

Ди напэм едгъэкlу хъуахэм девгъэгупсысэж. Модэм зыдедмыгъэхьэхыу, дыхуитткъэ ди адыгэ фащэр тщыгъыну? Зехьэгъуеймэ, нэхъ кlэщу, ауэ щIыIу бгыфlыхьр хэдмыдзу, абы чысэ дахэри и гъусэу - уи Iупалэри телефонри илъу. Нобэ ди хъыджэбзхэм джинсыр ящыкъуэзауэ маршрутткэхэм къыщикlкlэ, нэхъри узыIупльэ мыхъун къыщIэмыщ щIыкlэ икIарэт, жыуагъэIэ. Кьызэфlэувэми, я бгъэм и ныкъуэр кьищу, ищlагъыуэкlэ - и бынжэр къыщIэщу.

Нэхъыжьхэр мэукIытэ, щlалэхэм япэм хуэдэу яфlэщIэщыгъуэжкъым бзылъхугъэхэр. Сыт щхьэкlэ жьпIэмэ, псори нэрылъагъу хъуащ...

Нобэ нэмыс, хабзэ, гущlагъу жыхуэпIэжэр щай фlыцIэу кърадзэжыркъым. Пщlэ зиIэри зи Iуэху пхыкIри мылъку зиIэхэращ. ЛIыукIми, дыгъуэгъуакIуэми, бзылъхугъу и Iэпкъльпэкъыщ иущу къилэжьами - ар псэукlэ зыщIэщ, узыдзэплъеинщ.

Дэ ди лъэпкъзгъуэхэр мелуан бжыгъэкlэ мы дунеишхуэм щытепхьакlэ, хэкум зы мелуани щимыкlэ, егъэлеяуэ дызэхуэмысащхьжмэ, дызэтеувэрыуэнуц.

Псом япэр ди щlалэгъуалэм щIэныгъэ яIэнымрэ сом кьалэжьын щхьэкlэ зи щхьэкъезыхьэкlэхэм Iэнатlэ ди деж щагъэтныныр щIэщ. Мылъку зиIэхэм тыкуэн, шхапIэ кьызэIуах. Ди завод къомыр, минищэ бжыгъэкlэ цIыкlухэр щылажьэу щытар, бейхэм пуду ящэхужащ зэрыхуейуэ кьагъэсэбэн.

Адыгэ унагъуэ дапщэ зэтекъута? ЯIлхэр сом кьалэжьыну ежьэрэ щIыуэпсыр кьэмыязгъыу сымаджэу кьашэжу, е зыщIыпIэ щащlыкlу. Бзылъхугъэхэр сондджэрэухьхьэжрэ, мыдэкlэ я бынхэр зэIыхьэу, я щхьэгъусэхэм нэгъуэщI бзылъхугъэ къаГъуэту.

Сыт ди Iэмалыр? Хэкlыпlэ къэлъыхъуэн хуейщ. Дызыхуэкlуа щытыкlэм дытет зэрымыхъунур къыдгурыIуэу, акъыл зэхэдзэ тщIыуэ, дызэрыпсэун Iэзху зетхуапхъэт. ЦIыху лажьэхэр щхьэ тхьэмыщкlэн хуей? КIуэ лэжьэпIэнэшхэр гурыIуэгъуэщ. Сэ содэ хъэрычэтыщIэм сыхуэлажьэмэ, къэрал Iэнатlэ сыIутми - схуэфащэ улахуэ къызатмэ, газ, свет, псы уасэр ста нэужь, сызэрыпсэун къыдэхуэу. Нобэ тхъэжу псэухэр щыхуу дунейм тетым щхьэкlэ кьиГэщIа щIыдагъэр, газыр, фlамыщlыр, дыщэр, мэзыр зыIэщlэльхэращ. Щхьэ апхуэдэ щытыкlэм дыхуэхIэ?

Араща, Гуанэ Зулъкъэрней уэрэд щIыхуаусар дыхьэшхэн къыпщхьу мыукIытэу, мыщынэу щIыхубэм яIэрыхьэн хуей миллиард бжыгъэхэр зи жыг щетIыпсэххэм я хьэбар махуэ къэс щызэхэтхкlэ.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **ИСТЭПАН Залинэ.**

Пащlэ Ленэ и адэ-анэр.

Гуанэ Зулъкъэрней уэрэд хуэзыусахэр ди зэманым псэуатэмэ...

Си адэм и гъусэу хьэщlапIэ сыкIуэну сфIэфIт. Езыми быным саззэринэхъьжьрат е фlыщlэу зысрслъагъур зыхихIэрэт, сытми, дэнэ кIуэми сыздишэрт. Мысостей дэс и шыпхъу нэхъыщlэм дежь лъагъунлъагъу дыщыIауэ дыкъежьэжат.

Куэди къэдмыкIуауэ, зы куэбжэ гуэр деж дыкъыщIгъэувыIэри: «Мы унагъуэм сащlэмыупщlэу дыдэкIыж хъунукъым», - жери дыдыхьащ пщlантIэм. Си адэр бжэм щытеуIуэм, нэгуджэ Iулъу, пащlэшхуэ тету зыпI къыщlэувыкIри: «Уа, Хъэлид, сытым укъытхуихьа? Iэу зиунагъуэрэ, щхьэ фызэтеувыIа, фыкъеблагъэ», - жиIэурэ, тIуми гуапэу сэлам къыдихащ. «Дэ Лалыху деж дыщыхьэщIауэ докIуэж, ауэ узмыльагъуу сыдэкlыжьын си гум техуэнутэкъым», - пидзыжащ си адэм. Сэлам-чэламыр зэфlэкlри, ди Iуэгу дыеувэжащ.

- Папэ, хэт ар? - жысIэу сыщеупщIым, мыращ хъыбар къыжиIэжар.

«Сэ илъэсищ си ныбжьу си адэ Жэмырзэ дунейм ехыжри, куэди дэмыкIыу си адэр къыдэкIыжащ ди адэм и лъапсэм. Дэрбэзэр Iэзэти, абыкlэ кьилэжьыш дыбзэусу, сери схуэзэфlэкlыр сщIэуэ, щIэгъэкъуэн сыхуэхьуу дыпсэуащ. Ауэрэ Къундэтей щыщ ефэндиу Гуанэ Матlэ къыпIыхьуащ си анэм. Бынитху иIэу и щхьэгъусэр дунейм ехыжат абы. Арати, гугъу сехьырт. И Iуэхэр сэ нэхърэ нэхъыжьти, щIэпхъуэ жаIэмэ - сыщIэпхъуэу, къэувыIэ жаIэмэ - сыкъэувыIэу, задезмыгъэкIуу мыхъуу. Анэдэкlуэу укIуауэ утынышнт? Зы хъыджэбз цIыкlу Марьянэкlэ еджэу къыздагъуэтыжати, ди анэр абы нэхъ нэлейкlэ епIлъэ, и мылъхупхъуэхэр ефыгъуэрт. Алыхьым сыкъэщlэ, си анэм кьилъхуам хуэдэу Iэминати, Фэтlимэти, Зурияти сПьагъурт. Хуэщlауэ псэурт Гуанэ Матlэ а лъэхъэнэм, зи пырхъуэр абджыпсу къуажэм дэсыр а зырат. Зыхуэныкъуэ щымыIэу псэуми, зи анэр зырсIэкIуэда зэдэлъхуэззышпхъуэхэм анэнэпIэсыр фIыуэ яхуэльагъуртэкъым... Иджы мы сэлам зэтхар а зэшхэм язщ - Гуанэ Зулъкъэрнейщ ар. Зы Iэху мыхъымыщlэ къыдэхъуэгъащ абы. Мэжджытым нэмэз щищlауэ къыщыщlэкlымыщ, и гуэнщэрыкъыжьыр къыщIинэщ, нэгуэщI гуэнщэрыкъ щIэрыпс щитIаръэри кlуэжащ. Зыхуэныкъуэ щымыIэу псэурт ар, ауэ щыуауэ пIэрэ, хьэмэрэ и шейтIаныр кьытекIуэу гуэнщэрыкъыщIэр къиГэкIуэса? Ар зыщlэр езыращ. Дауи, а къыIэщlащIар хэIущlыIу хъуащ. Нэхъыжьхэм Хасэм ираджэри, фIыуэ къепсэлъащ, езыми жиIащ имыщIэу къэхъуауэ, вакъэр зейм иритыжащ, ауэ абы иужькlэ Мысостей къуажэм и щхьэр дихащ. Зы уэрэди хуаусат абы».

Иужькlэ, си насыпыр зыхэлъым сыдэкIуа нэужь, си адэм къызжиIэгъат: «Тхьэхуэхъуэхэ исщ зэшыпхъуищым яз Гуанэ Зурият, ар кьужажкlэм щопсэу, гулъытэнэ зэи умыщI, Лень», - жиIэри. Зурият зы хьыджэбз закъуэ иIэу фызабэу къэнат. Си адэм жиIар сигу ильти, зэрысхуэзэфlэкlкlэ гулъытэ хуэсщIу сыпсэуащ. ЗэрытщIэжщи, ди нэхъыжьхэм я урысыбзэр нэгъэсатэкъым. Арати, уэ зэхэпха, сэ зэхэсха? Зурият я Гуанэгъу рыпсэ фыз Галя жриIэзэрат нобл яГъэхъыбарж. Адыгэ хьыджэбзэжм а зэманым нэмыс яхэлъу, хабзэ зэрахьэу щытащ. Галя и пхъуэ щlалэжь цIыкlум хуэдэу псынщIэт, дырийпсырайт, ар и анэм къыгуригъэIуэну жриIэгъащ: «Галия, а Галия, ваша дочка очень хулиганная. Ишаком кататьася, на мостом качатьцая! Очень хулиганная ваша дочка!»

Иджы ди зэманым сыкъоIэбзэж. Архивым сыхэсу, Гуанэ Зулъкъэрней хуауса уэрэдыр къыспэщIэхуэри, аращ си адэм къыжиIэжа хъыбарыр щIэстхэжар.

ГУАНЭ ЗУЛЪКЪЭРНЕЙ И УЭРЭД

Фадэ пльагъум уи нэр къоKI,
Шэджэм уикIри хъуэн къэпхьащ.

Ежьу: Ари сыту напэтехт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

Къатыр нэпцlкlэ укъэкlуащ,
Къатыр цIукlэ укIуэжащ.

Ежьу: Ари сыту напэтехт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

Сохъустэ лъакъуэр лъакъуэ кIыхьщ,
Лъапщэ кIыхьурэ къэбдыгъуатэм,

Ежьу: Нэхъыбэ Iуэрэ урикъунт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

МуIэзиныр пэщхъыныхьущ,
Къатыр быхьур хэпхъуэжащ.

Ежьу: Ари сыту напэтехт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

Сохъустэ мыхъуу пIастэ лъыхъу,
ЛIыжьхэр вакъэм бгъэлъыхъуащ.

Ежьу: Ари сыту напэтехт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

Я нэхъ хьэбзым уобзэрабзэ,
Я нэхъ бзаджэр уи кIуэгъужэгъущ.

Ежьу: Ари сыту напэтехт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

Сыхьэтыпсыр дзыгъуэм ехь,
Уи уэрэдыр бзэм яхьащ.

Ежьу: Ари сыту напэтехт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

Я нэхъ дахэм укъеГапцlэ,
ЛIыжьыр лъапцIэу бгъэкlуэжащ.

Ежьу: Ари сыту напэтехт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

Фи Iустазыр Iупэ пIащIэщ,
УмыпIащIэу ухэплъатэм,

Ежьу: Нэхъыбфlыуэу къыхэпхынт,
Гуанэм и къуэу Зулъкъэрней!

Зулъкъэрней а къыIэщIэщIам ириукIытэу, зэрыжаIэщи, лажьэрэ шхэжу дунейм тэмэму тетащ. Мы щапхъэр къыщIэсхьар нобэ дызыхуэкlуам дегупсысын шхэнэжщ. Аз мыри фщIэну сыхуейт. Гуанэхэ иджыри зы Зулъкъэрней яIащ. Абы и цIэр дыщэ уагъэкlэ хэухуэнащ ди тхыдэм. И щIэнигъэ, и цIыхугъэ, и дуней тетыкIэмкlэ кьилэжьжауэ. Аз мыри фщIэну сыхуейт. Гуанэхэ иджыри зы Зулъкъэрней яIащ. Абы и цIэр дыщэ уагъэкlэ хэухуэнащ ди тхыдэм. И щIэнигъэ, и цIыхугъэ, и дуней тетыкIэмкlэ кьилэжьжауэ.

Ди напэм едгъэкlу хъуахэм девгъэгупсысэж. Модэм зыдедмыгъэхьэхыу, дыхуитткъэ ди адыгэ фащэр тщыгъыну? Зехьэгъуеймэ, нэхъ кlэщу, ауэ щIыIу бгыфlыхьр хэдмыдзу, абы чысэ дахэри и гъусэу - уи Iупалэри телефонри илъу. Нобэ ди хъыджэбзхэм джинсыр ящыкъуэзауэ маршрутткэхэм къыщикlкlэ, нэхъри узыIупльэ мыхъун къыщIэмыщ щIыкlэ икIарэт, жыуагъэIэ. Кьызэфlэувэми, я бгъэм и ныкъуэр кьищу, ищlагъыуэкlэ - и бынжэр къыщIэщу.

Нэхъыжьхэр мэукIытэ, щlалэхэм япэм хуэдэу яфlэщIэщыгъуэжкъым бзылъхугъэхэр. Сыт щхьэкlэ жьпIэмэ, псори нэрылъагъу хъуащ...

Нобэ нэмыс, хабзэ, гущlагъу жыхуэпIэжэр щай фlыцIэу кърадзэжыркъым. Пщlэ зиIэри зи Iуэху пхыкIри мылъку зиIэхэращ. ЛIыукIми, дыгъуэгъуакIуэми, бзылъхугъу и Iэпкъльпэкъыщ иущу къилэжьами - ар

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис



Зыгъэхъэзырар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Псалъэ пэжхэр

Сакъ и анэ гъыркъым

♦Нэмысым насып къыдокІуэ.
♦Джатэм и щІагъи пэжыр жьІэ.
♦Дунейр къэкІухьи, уи унэ ихьэж.
♦Ажалитѣ щыщымыІэкІэ, а зэ лІэгъуэм лІыгъэ хэлъхьэ.
♦Нэмыс пщымэ, уи щхьэщ зыхуэпщІыжыр.
♦Фы щІэи, псым хэдзэ.
♦Щхьэр псомэ, пыІэ щыщІэркъым.
♦Хьэрэ пэт и къуажэр ибгынэркъым.
♦Пагэр мэгъэ.
♦ЩІэм дэжьи, жьым дэшхэ.
♦Псапэр куэд хъуркъым.
♦ЕбгъэлеймэзѣІ - кьреху.
♦Уэшх блэкІам щІакІуэ кІэлъымыщтэж.
♦Гу нэхъ жэр щыІэжьым.
♦Узым зыдэбгъэшмэ, узыІэпешэ.
♦ПщІищэ нэхърэ - зы пэж.
♦Зэхэпх псори пэжкъым, жаІэ псори къэхъуркъым.
♦Уи анэ къыбжиІэм едэІу, уи адэ къыбжиІэр гъэзащІэ.
♦Уемызэш, умышыни лЫ ухъунщ.
♦Делэм уи пыІэ ети блэкІ.
♦Хабзэм къемызэгъыр и бийщ.
♦Къэбублэр хабзэщ.
♦Сакъ и анэ гъыркъым.
♦Гур жьы хъуркъым.
♦Жыг закъуэ жьым щошынэ.

● Цыхушхуэхэр

Аристотель

Алыдж философ Аристотель щыпсэуар ди эрэм ипэкІэ 384 - 322 гъэхэрщ. Ар Платон и гъэсэну щытащ, ди эрэм ипэкІэ 343 гъэм щегъэжьауэ Аристотель Македонский Александр и егъэджакІуэу щытащ. Ди эрэм ипэкІэ 335 гъэм лицей къызэІуихыгъат Аристотель. Аращ япэ гупсысакІуэшхуэу щытар, цІыхум зэрызиужь лъэныкъуэ псори - социологиер, философиер, политикэр, логикэр, физикэр - къызэщІэзыубыдэ философием и зэхэлъыкІэр зыубзыхуар.

Аристотель ди эрэм ипэкІэ 384 гъэм Афон бгым пэмыжьжь Стагир жылэм къыщалъхуащ. Абы и адэ Никомах Аминтэ Ещанэм, Македонием и пщыпэр абы и блыгущІэтхэмрэ я дохутыру щытащ. Абы и адэжхэри цІыхухэм еІэзэу къекІуэкІат.

Ди эрэм ипэкІэ 369 гъэм Аристотель и адэ-анэр фІэкІуэдащ. Философ ныбжьыщІэр ипІыну къищтащ Проксен (иужькІэ и цІэр куэдрэ фІыкІэ къриІуащ абы Аристотель икІи адэ етІуанэ хэзгъуар лІа нэужь абы и къуэ Никанор иплъижащ). И адэм къыхуигъэна мылъкур зытригъэкІуэдар щІэныгъэ зэгъэгъуэтыныр. А лъэхъэнэм тхылъхэр хуабжьу лъапІэт, ауэ Проксен я нэхъ гъэзетыгъуэйри къыхуищэхурт. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, и ныбжькІэ щІала дыдэу тхылъ еджэным дихьэхащ Аристотель. Адэ папщІэ хузхъуэм и нэІэ щІэту философ ныбжьыщІэм къэкІыгъэхэм, псэущхьэхэм я къэхъукІэр иджащ, иужькІэ абы теухуа лэжьыгъэ щхьэхуи къыдигъэкІыжауэ щытащ.

Аристотель алыдж щІэныгъэ зригъэгъуэтащ икІи а бзэращ игъэшэрыуэу щытари.

Аристотель къытхуигъэна Іущыгъэхэм щыщщ

●Псори зи ныбжьэгъуэм зыри и ныбжьэгъукъым.
●Дунейм фІыгъуэу тетырептми, ныбжьэгъуншэу псэну хуэй щыІэкъым.
●Кьулейсызыгъэр, е нэгъуэщІ гуаэу къыплъэІэсамэ, ныбжьэгъуращ уи щхьэр зэпхьэлІэр.
●КъыдэуэлІа насыпым и Іэфлагъыр къыщытщІэр ди ныбжьэгъуэхэм къытхуагъэдэха ныжьщ.
●Ди ныбжьэгъуэхэр къызэрытхущытыну дыхуейм хуэдэ дыдэущ дэри даэзрыхущытын хуейр.
●ЦІыхухэм я зэхущытыкІэр зэтеуухуэным ехьэлІа гъуазджэм зэ нэхъ мыхъуми егупсысар арэзы техъуэнущ къэралыгъуэ зоом и къэкІуэнур зэлъытар къыдэкІуэтей щІэблэр зэрыларэм.
●Сыт гъащІэм и купщІэр? НэгъуэщІхэм защІэбгъакъуэу, фЫы пщІэуэ дунейм утетынырщ.

● Шхыныгъуэхэр

Бжьыныху шыпскІэ гъэбэкхъа лы

Былымыл щабэ дыдэр псы щыІэкІэ ятхьэщІ, ягъэжапхъри, г 10 - 15 хъу тыкъыр щыкІуэрэ ящІащтэ. Тебэм тхъу ираклэри, градуси 150 - 160-м нэсу къагъэплъ, лы тыкъырхэр абы халъхьэ, зэІащІэурэ зы дакъикъэ хуэдэкІэ ягъажьэ, тхъуэплъ дахэ хъуху. ЗэрызэІащІэм хуэдэурэ абы щІакІэ шатэкІэ щІа бжьыныху шыпс, шыбжий хадзэ, мафІэр щыкІу ящІри и щхьэр теПІауэ хьэзыр хъуху ягъэбжьэ дакъикъитхукІэ. Шыуанэр пэшхьэкум къытрах, джэдгын хаудэ, шыуаныщхьэр трапІэжри, дакъикъи 4-5-кІэ щагъэт.

Пщтыру яшх. ПІастэ хуабэ, чыржьын, хьэлІамэ дожьи.

Халъхьэжэр (цІыхуитѣ Іыхьэ):
Бжьыныху шыпсым щхьэкІэ: бжьыныхур шыгъу хэлъу яуб, шатэ хакІэри зэІащІэ.

ЛыпщІэу - г 400
Тхъуэ - г 100
Шатэу - г 150-р
Бжьыныхуу - г 15
Шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● ГушыІэхэр

Йокъури йожьэж

Фэтэрым хэлъ уэзджьынэр кьозу. Бжэр Іуахмэ, лЫ мыцІыху щытщ.

- Фи кІрантІым псы къыдэжрэ?
- Хьэуэ...
- Щхьэщцытхьухэрэмрэ ягъэуэракъэ мыбы щыпсэур?
- Хьэуэ, ахэр зэрыІэпхъэрэ ильэс мэхъу...
- ГъэщІэгъэнщ мы цІыхухэр! Сантехникыр къраджэри, езыхэр йокъури йожьэж!

Псэущхьэ тхьэмыщкІэ

- Уа, си гъунэгъужь, уи фызыр зэпымычу апхуэдизу зытекІиер хэт?
- Ди хьэрщ.
- Сыту псэущхьэ тхьэмыщкІэ ар. Ар унэм щІидзу ІункіыбззэІурэ къытрихыжыну абы дыгъуасэ жриІэрт.

Хэт билетыр зейр?

МафІэгум и вагон зэпыхьэпІэм зылІ итщ, хьэ абрагъуэ щІыгъуу.

ГъуэгупщІэ зыта-зымытахэр къззыпщытэр лІым щыбгъэдыхьэм, абы билетыр кьригъэлъэгъуащ.

- Хьэмэ кІыхъэпщэхун хуеящ билет, - жиІащ кондукторым, зэрымыарэзыр и фэм къиІуатэу.
- Ар хьэм ейуэ аращ.
- Ууейр-щэ?
- Сэ сиІэкъым. Ухуейм сикІынщ, мыр къыпхуизнэнщи.

Бзэ Іэфіу ущытын хуейщ

- Си гъащІэм слъэгъуакъым жэмым жэщмахуэм шэ литрищэ къыщІэкІыу. Ар дауэ къэхъуплэрэ?
- Бзэ Іэфіагъыщ псори зэлъытар. Пщэдджьжьым Іуэм сыщІохьэри: «Сыт, си мамыжь, нобэ тщІэнур? Шэ къызэптыну хьэмэрэ лы сщэну?» - жизоІэри соупщІ.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур шыщхьэуІум и 14-рщ.

КІэртІоф цІывынэкІэ щІа хьэнтхъупс

КІэртІоф укъэбзар лыхьжьым щІагъэкІ, дзэху фальэм иралъхьэ. Абы шыгъу, нартыху хьэжьыгъ, дждыкІэ уда халъхьэри, тхъэвым хуэдэу ящщ. Тхьэв пщам Іэкіэ кьыпачурэ дэ хуэдизурэ хъуреи щІыкІуэкІ ягъэджэрэз, я Іэм дагъэ щахуэурэ. А хьурей щІыкІуэр Іэпищкіэ кІащтэурэ шыгъу зыхэлъ шэ къэкъуалъэм хадзэ, шэр бэлагъкІэ зэІащІэурэ. МафІэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъабз. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэшхьэкум кьытрахыжри, бжьын гъэлыбжьа традзэ, шыуаныщхьэр трапІэжри дакъикъищ-плІыкІэ щагъэт. Іэнэм фальэкІэ трагъэувэ, шатэпс хэкІаущ.

Халъхьэжэр (цІыхуитѣ Іыхьэ):
КІэртІоф укъэбзауэ - г 500
Нартыху хьэжьыгъуэ - г 100
ДждыкІэу - 2
Шэ щІэмыхуу - г 1000
Шатэпсу - г 60
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.
Бжьын гъэлыбжьам:
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 40
Тхъууэ - г 30
Шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

● Цыхушхуэхэр

Аристотель

Алыдж философ Аристотель щыпсэуар ди эрэм ипэкІэ 384 - 322 гъэхэрщ. Ар Платон и гъэсэну щытащ, ди эрэм ипэкІэ 343 гъэм щегъэжьауэ Аристотель Македонский Александр и егъэджакІуэу щытащ. Ди эрэм ипэкІэ 335 гъэм лицей къызэІуихыгъат Аристотель. Аращ япэ гупсысакІуэшхуэу щытар, цІыхум зэрызиужь лъэныкъуэ псори - социологиер, философиер, политикэр, логикэр, физикэр - къызэщІэзыубыдэ философием и зэхэлъыкІэр зыубзыхуар.

Аристотель ди эрэм ипэкІэ 384 гъэм Афон бгым пэмыжьжь Стагир жылэм къыщалъхуащ. Абы и адэ Никомах Аминтэ Ещанэм, Македонием и пщыпэр абы и блыгущІэтхэмрэ я дохутыру щытащ. Абы и адэжхэри цІыхухэм еІэзэу къекІуэкІат.

Ди эрэм ипэкІэ 369 гъэм Аристотель и адэ-анэр фІэкІуэдащ. Философ ныбжьыщІэр ипІыну къищтащ Проксен (иужькІэ и цІэр куэдрэ фІыкІэ къриІуащ абы Аристотель икІи адэ етІуанэ хэзгъуар лІа нэужь абы и къуэ Никанор иплъижащ). И адэм къыхуигъэна мылъкур зытригъэкІуэдар щІэныгъэ зэгъэгъуэтыныр. А лъэхъэнэм тхылъхэр хуабжьу лъапІэт, ауэ Проксен я нэхъ гъэзетыгъуэйри къыхуищэхурт. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, и ныбжькІэ щІала дыдэу тхылъ еджэным дихьэхащ Аристотель. Адэ папщІэ хузхъуэм и нэІэ щІэту философ ныбжьыщІэм къэкІыгъэхэм, псэущхьэхэм я къэхъукІэр иджащ, иужькІэ абы теухуа лэжьыгъэ щхьэхуи къыдигъэкІыжауэ щытащ.

Аристотель алыдж щІэныгъэ зригъэгъуэтащ икІи а бзэращ игъэшэрыуэу щытари.

Аристотель къытхуигъэна Іущыгъэхэм щыщщ

●Псори зи ныбжьэгъуэм зыри и ныбжьэгъукъым.
●Дунейм фІыгъуэу тетырептми, ныбжьэгъуншэу псэну хуэй щыІэкъым.
●Кьулейсызыгъэр, е нэгъуэщІ гуаэу къыплъэІэсамэ, ныбжьэгъуращ уи щхьэр зэпхьэлІэр.
●КъыдэуэлІа насыпым и Іэфлагъыр къыщытщІэр ди ныбжьэгъуэхэм къытхуагъэдэха ныжьщ.
●Ди ныбжьэгъуэхэр къызэрытхущытыну дыхуейм хуэдэ дыдэущ дэри даэзрыхущытын хуейр.
●ЦІыхухэм я зэхущытыкІэр зэтеуухуэным ехьэлІа гъуазджэм зэ нэхъ мыхъуми егупсысар арэзы техъуэнущ къэралыгъуэ зоом и къэкІуэнур зэлъытар къыдэкІуэтей щІэблэр зэрыларэм.
●Сыт гъащІэм и купщІэр? НэгъуэщІхэм защІэбгъакъуэу, фЫы пщІэуэ дунейм утетынырщ.

Адыгэ актрисэ цІэрыІуэ, сценарист, композитор, режиссёр, драматург Жэман Іэминэ и пьесэм къытращІыкІа «Шаляпин/О'Нил» спектаклыр иджыблагъэ ящэу щагъэлъэгъуащ Москва Музыкэмкіэ и лъэпкъ къэрал музеим.

ЖЭМАН Іэминэ куэд щІауэ зи Іэдакъэщіэкіэм дахьэх американ драматург цІэрыІуэ О'Нил Юджин и хъуэпсапІэу псэуащ урыс оперэ уэрэджьІакІуэ Шаляпин Фёдор дэлэжьэну, ауэ ар къемыхъулІэурэ дунейм ехьжащ. Апхуэдэ дыдэу Шаляпинми О'Нил и тхыгъэхэр игу дихьэу щытащ. Дунейпсо щэнхабзэм зи цІэ къыхэна цІыхух цІэрыІуэхэм я ГащІэрщ Іэминэ пьесэр итхыным лъабжьэ хуэхъуари. Спектаклыр Шаляпинхэрэ О'Нилхэрэ я унагъуэхэр зыхуэдам, я псэукІам къытращІыкІа ящэ лэжьыгъэщ. Совет Союзми Америкэм и Штат Зэгуэтхэми щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм 1928 гъэм къемыхъулІар Жэман Іэминэ зэрызэфІихар гуапэщ.

Спектаклым и режиссёрри псоми-титорри Іэминэщ. КьищынэмыщІауэ, О'Нил Юджин и щэнхабзэ щхьэгъусэ Монтерей Карлоттэ и ролри араш зыгъэзащІэр. Лэжьыгъэм щыджэгъащ куэдым фІыуэ ялъагъу актёр лъэщхэр. Ахэр дунейпсо театр гъуэджэм зэфІэкІ щызиІэ («Геликон-опера»), Москва и Театр Иным и уэрэджьІакІуэу щыта Тихомиров Алексей (Шаляпин Фёдор и ролыр), Ермоловэ М. и цІэр зезыхьэ театрым и актёр пажэ Кемпо Сергей (О'Нил Юджин), «Современник» театрым и актрисэ Банщиковэ Аннэ (Шаляпиным и етІуанэ щхьэгъусэ Петербург Марие) сымащ.

Сыхьэтрэ ныкъуэкІэ екІуэкІ «Шаляпин/О'Нил» спектаклыр зыгъэщІэрэщІар УФ-м щІыхь зиІэ и художник Лысиков Борисщ. Абы къеХьуІащ Шаляпинымрэ О'Нилрэ я пэшхэр зы утыкум екІуу кІыхьэригъэпэщыныр. Лэжьыгъэм и ехьэлІэныгъэр артистхэм я фэилъхьэгъуэхэм куэдкІэ зэреІытар щэхуекъым. Ар зи пщэрыльэ художник Поликарповэ Ольгэ и къалэным фЫы дыдэу пэлъэщащ. Продюсерыр Евтушенковэ Наталиещ, гъэзэщІакІуэ продюсерыр Бэлэтокъуэ Маринэщ. Пэшым и кІыфІагъ-нэхуагъыкІэ жэуап зыхьар Виноградов Евгениищ.

- Нэхъыбэу сыдэзыхьэхыр комедие (гушыІэ) жанрырщ. Спектаклыр урыс, американ театр гъуэзджэхэм яхуэсщІа си япэ хэлъхьэныгъэ нэхъ инщ. Сызэримыгугъауэ, лэжьыгъэр псынщІэу утыку кьитхьэн тхузэфІэкІащ. Ар я фІыгъэщ кьыздэІэпыкъуэ гупым. И чэзум цІыхугъэ кьыСхуэхъуахэм къадэкІуэу, зы кьару гуэрым си псалъэм. - Иужьрей лэжьыгъэм щІэупщІэ зэриЗм и зы щапхъэщ ар кьыкІэпыкІуэу щыдгъэпъэгъуэнур зыфІэгъэщІэгъуэнхэр, а пщыхьэщхэ дыдэм къытесыгъэззэжу епІыну хуеяхэр е спектаклыр здэтщэну дубзыуа Санкт-Петербург, Къэзан къалэзм накІуэу епІыну хьэзырхэри зэрыщІэр. Лэжьыгъэм егугъуа гупым ди зэфІэкІыр къыхэралъытэр, дауи, гуапэ тщымыхъуу къанэрхъым. Артистхэм ди дежкІэ нэхъыщхьэр театрепІхэм ягу дыдыкьэныщ.

Жэманым къызэрилъытэмкІэ, гъуэзджэр политикэм и щхьэкІэр щыщ. Абы быдэу и фІэщ мэхъу икІи «Шаляпин/О'Нил» спектаклымкІэ диГъэлъэгъуащ цІыху лъэужьыфІэр дунейм зэрехьжьэ псы куэд ежэхами, абы и хъуэпсапІэхэр нахуапІэ зэрыхъуфынур, и лэжьыгъэхэм дахьэхэм ахэр гъащІэм зэрыхапщэфынур. Нэхъ гъэщІэгъэныр американ драматург цІэрыІуэм и хъуэпсапІэр Урысеймэ нэхуапІэ зэрыщІыхьарщ. Жэманым и мурадыр зыхуэгъэзэар, Урысеймэ и театр гуэзджэм хабзэ зэрыщІыхьауэ, ущыкІуэ зэмылІэужьыгъэхэм яхьщагъэльэгъуа лэжьыгъэ щІэрыІуэхэм

● Театр гъуэзджэ

Шаляпин, О'Нил... Жэман Іэминэ

Жэман Іэминэрэ Кемпо Сергейрэ

Шаляпин Фёдор (Тихомиров Алексей)

ри. Москва щыпсэуэр цІыху нэфІэгъуфІэу къамылъытэми, спектаклым къекІуэлІаэр гушыІэ жанрым и лэжьыгъэм итхьэкъуащ. Ар зытриуха лІыхъужь нэхъыщхьэхэр гъащІэм зэрыщыщытамрэ ахэр зрихьэлІа зэманымрэ кьиГъэлъэгъуэжьын папщІэ Іэминэ тхыгъэ куэд дыдэ щІипщытыкІащ, О'Нил щыпсэуа, дунейм щекьжа щыпІэжэм, абы и кхъащхьэр здэщыІэ Бостон къалэм, Шаляпиным и дачэ Нартсанэ дэтым, ар Санкт-Петербург щыдэсам зыщІэса унэм, щыщІалъхьэжа Москва и Новодевичье кІэсым кІуэри ахэр зригъэлъэгъуащ. А псори пщІэнщэ зэрымыгъуэр щыхьэт тохъуэ спектаклыр яшэнущ Шаляпиным куэдрэ зыкъыщигъэлъагъуэу щыта ЕсэнтІыгу къалэм, зрагъэблагъэ нэгъуэщІ щыпІэхэм я тетар утыкуэм. ЕтІанэгъэ спектаклыр Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щатынущ. Жэманым абы чэзуэу щигъэджэгуну и мурадщ Урысеймрэ США-мрэ я артист цІэрыІуэхэр.

Нэхъапэ ІуэкІэ Жэманым ищІа лэжьыгъэхэм ящыщщ «Пьагъэныгъэм и хьэтыркІэ» (драмэ), «Перед завтраком» (монодрамэ), «Любовь в Вегасе» (комедие) фильмхэр. Иджыблагъэ Іэминэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыІэ ди хэкуэгъу артист цІэрыІуэ Кулиев Алим и гъусэу Голливуд щыджэгуащ «Пока смерть не разлучит нас» фильмым. Абы и режиссёрри Кулиев Алимщ.

Жэман Іэминэ кино, театр гъуэзджэхэм ХуищІа хэлъхьэныгъэхэм папщІэ дамыгъэ, цІэ лъапІэ куэд къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэрэ, «Золотой абрикос» (Ермэлы), «Лучшая актриса», «Лучший сценарий» (Украинэ), «Самый яркий дебют» (Алыдж), «Лучший полнометражный фильм» (США), «За вклад в фильм» (Адыгэй), нэгъуэщІхэри. 2014 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм кином ехьэлІауэ Нью-Йорк щекІуэкІа фестивалыр абы и «Лъагъуныгъэм и хьэтыркІэ» фильмымкІэ зэхуащІыжащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Габитовэ Аннэ** *трихащ.*

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1**. Джанэ. **3**. Бэлыхь. **5**. Дерс. **8**. Дерт. **10**. Пэкъум. **11**. Пэжьым. **12**. КІэнаущ. **13**. Тэрэзэ. **14**. Бэдж. **15**. Бжьыхьэ. **17**. Щтауч. **21**. Гъудэ. **22**. Ухэныпэ. **23**. Умэ. **24**. Хущанэ. **25**. Пшынэ. **27**. Бгъэ. **30**. ЖьантІым. **33**. Шыгъажэ. **35**. Делэм. **36**. НАТО. **37**. КІыргъ. **38**. Хахуэ. **39**. Набдзэ. **40**. Хьэрш.

Къехьу: **1**. ДжэдуукІэ. **2**. Нартан. **3**. БжьапцІэ. **4**. Хьэжмэт. **6**. ЕкІэпцІэ. **7**. Сымаджэр. **9**. Іужажэ. **15**. Бэдэху. **16**. Хьеуан. **18**. Тхьэгъуэ. **19**. Чымпэ. **20**. Гъунэ. **26**. Бжьэкъунтх. **28**. Гъаблэ. **29**. Кьэрэгъэш. **31**. Нартыху. **32**. Мудрэн. **33**. Шумахуэ. **34**. Акъсырэ. НыбжьыщІэ цІыкІухэр школ пщІантІэм щызэрызохьэ, ... къэпщІауэ. **33**. Іэпсльэпсым щыщщ. **34**. МахуэщІ. **37**. Гъатхэм пасэу ди щІыпІэм къэлъэтэж къуаэлэбзу. **39**. Хьэкъущыкъур ятхъэщІа нэужь кьэна псыр. **43**. Псы ежэхым и ... макъ. **44**. Мэз бжьыныху. **45**. Дунейм ехьжам къигъэна мылъку.

Къехьу: **1**. Нарт хъыбархэм къызэрыхэщмкІэ, Іэщхэм я тхъэ. **2**. Хьарбызым и ... е шхыныгъуэ гуэрым и Іыхьэ нэхъ ІэфІыр. **3**. Зэпымыууэ уэс зытелъ бгы. **4**. Бэрэгъуп, хьумакІуэ, ... **5**. ...-щІыхуэ жьісІэми, си унэ ныкъуэщІыр и кІэм нэзгъэсыжащ. **7**. «... бэлътокур, ней, жи, уей, Іэгум йокІуадэр, уей, жи, уей» - Къашырыгъэ Биларэ щІоджэнщІыкІу Нурийрэ яуса уэрэд щІэрыІуэм щышщ. Щыпсалъэкіэ зэІынэ. **32**. **8**. ... бостей. Е мэлыщ щабэ. **12**. КьуийцІыкІу ... кІанэ къиГъуэтащ. **14**. Хьэм и губжьыр ... щхьэ. **16**. Бгы лъапэ. **18**. Кьаралым, республикэм, кьуажэм я блэкІа зэман. **20**. НэкІум иІэ зэлъатэ. **21**. Хьэкъущыкъу. **22**. Адыгэ шууей цІэрыІуэу щыта, дунейпсо, къэралпсо зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытІэу бжьыпэр щызыубыда ... Жамбот. **28**. Гъатхэр къызэрысу жыгхэм ... ираташ. **29**. Удзыжь. **31**. ХадэхэкІ. **35**. Бжэлъльэ. **36**. ... псэумэ, пыІэ щыщІэркъым. **37**. ЩоджэнщІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхь зиІэ и артист. **38**. ХадэхэкІ. **40**. Кьамыгъэсэбэпа, ямыва щы. **41**. Нартхэм я фадэр абы къыхащІыкІыу щытащ. **42**. Хьэпщхупщ шынагъуэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗАхьмэдщ.



● ГъэщІэгъуэнщ

Псэущхьэ нэхъ иныр

Куэдым я гугъэщ мыщэ хужьым нэхърэ нэхъ ин псэущхьэхэм яхэмыту. Ауэ 1987 гъэм Аляскэм къыщаубыдат мыщэхъу гъуабжэшхуэр. Ар щашэчам, килограмм 680-рэ и хьэлъагът. Мыщэ хужьхэм я нэхъ иныр зэрыхъур килограмм 450-рэщ. Апхуэдэ мыщэм и пІІэ лъакъуэмкІэ зэ уэгъуэм гуум я нэхъ иныр кьеуКІыф. Зэвгъапщэт: аслъэн нэхъ ин дыдэм и хьэлъагъыр килограмм 230-рэщ, кьаплъэныш - килограмм 270-рэщ. ЩІым щыщэкІуэ псэущхьэхэм яныщщу а мыщэ гъуабжэм нэхърэ нэхъ ину щыІэр пылым и закъуэщ.

* * *

Пингвинхэм нэхърэ нэхъ бзыгъэ щыІэхьым. Императорскэ пингвиныхъум мышхэу мазэ бжьыгъэ ирехьэкІыф. Ар тенджызым кьыхокІри, пингвин анэр щыкІэцІ щыпІэм макІуэ, махуэ 62 - 65-кІэ джэдыкІэхэм тещ, арэгъуэу ящэдизкІэ щыржэ егъэхуабэ, анэм ахэр игъащхьэурэ закъригъэужьыху. ИтІанэщ псым щигъэззэжыр, шхэни щыщІидзэжыр. Псори зэхэту махуи 130 - 135-кІэ мышхэн хузэфІокІ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Шыщхьэуіум и 3-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: 1. Джанэ. 3. Бэлыхь. 5. Дерс. 8. Дерт. 10. Пэкъум. 11. Пэжьым. 12. КІэнаущ. 13. Тэрэзэ. 14. Бэдж. 15. Бжьыхьэ. 17. Щтауч. 21. Гъудэ. 22. Ухэныпэ. 23. Умэ. 24. Хущанэ. 25. Пшынэ. 27. Бгъэ. 30. ЖьантІым. 33. Шыгъажэ. 35. Делэм. 36. НАТО. 37. КІыргъ. 38. Хахуэ. 39. Набдзэ. 40. Хьэрш.

Къехьу: 1. ДжэдуукІэ. 2. Нартан. 3. БжьапцІэ. 4. Хьэжмэт. 6. ЕкІэпцІэ. 7. Сымаджэр. 9. Іужажэ. 15. Бэдэху. 16. Хьеуан. 18. Тхьэгъуэ. 19. Чымпэ. 20. Гъунэ. 26. Бжьэкъунтх. 28. Гъаблэ. 29. Кьэрэгъэш. 31. Нартыху. 32. Мудрэн. 33. Шумахуэ. 34. Акъсырэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Кьаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхъ секретарь), Кьардэн Маринэ, Къумахуэ Астьэн, НэщІэныщдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхуэщапіэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдэзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхутыгъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зыгъэгъуэтащ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ещІыкІэр зэтеуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту яТхащ.

Зы ильэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

(12+)

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Нэуэкъуэу Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниращ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.064 ● Заказ №721